Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl, Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj

Nòm Massachusetts pou Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl

Avril 2015

Avètisman

Nòm Massachusetts pou Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl nan domèn Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl, ak Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj reprezante yon pwogram kolaborasyon ant Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti [Department of Early Education and Care (EEC)] ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè [Department of Elementary and Secondary Education (DESE)] k ap pote yon atansyon patikilye nan domèn devlopman ak aprantisaj enpòtan sa yo, epi answit sipòte yon pwosesis aprantisaj depi lè timoun nan fèt jouk lè li gen laj pou lekòl.

Nòm pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl ak Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj reprezante travay yon ekip University of Massachusetts Boston ki devwe. Ekip la ki gen ladan Sandra Putnam-Franklin, Mary Lu Love, Su Theriault, ak Jennifer Kearns-Fox, te resevwa anpil kòmantè espè nasyonal ak pwofesyonèl edikasyon timoun piti nan Massachusetts. Nan tèt ansanm avèk ekip ki nan EEC ak DESE, ekip la te reyini epi yo te kòmanse travay nan mwa out 2014, pou yo fè rechèch sou nòm ak gid lòt eta yo; pou yo revize evalyasyon timoun yo lòt eta yo itilize nan moman an; epitou pou yo te reyini avèk anplwaye ki nan Kolaborasyon pou Aprantisaj Akademik, Sosyal ak Emosyonèl ak Asosyasyon Gouvènè Nasyonal.

Answit, ekip la te revize rechèch ak materyèl espè nasyonal yo rekonèt te sijere: Sharon Lynn Kagan (Columbia University), Stephanie Jones (Harvard University), Marilou Hyson (ansyen direktè egzekitif asosye pou devlopman pwofesyonèl nan NAEYC), Betty Bardige (sikològ devlòpmantal ak otè), ak Angel Fettig (University of Massachusetts Boston). Sa te fasilite yon revizyon dokiman ki disponib sou sitwèb: http://learningstandards.wikispaces.com/Literature+Review

Ekip la te òganize de (2) gwoup refleksyon nan mwa oktòb pou fòme prensip debaz ak estrikti yo te devlope yo, epitou pou detèmine valè ak enkyetid pwofesyonèl edikasyon timoun piti yo te bay. Katreven-sis (86) patisipan ki te patisipe nan de (2) gwoup refleksyon yo te reprezante founisè sèvis gadri fanmi, edikatè espesyal lekòl pre-matènèl, pwofesè lekòl pre-matènèl inivèsèl, pwofesè lekòl matènèl, direktè lekòl leta, gwoup pwofesè edikasyon siperyè; konsiltan sante mantal; epi direktè gadri kominotè ak direktè lekòl matènèl, tankou Head Start, Montessori, ak lòt dirijan kominotè ki enterese. Nan mwa desanm, 41 lòt moun te patisipe nan yon gwoup refleksyon pou bay remak nan yon premye vèsyon Nòm yo. Te gen 47 moun ki te reponn epi ki te bay remak nan premye vèsyon an nan yon sondaj sou entènèt.

Nan mwa janvye 2015, yo te òganize twa (3) odyans piblik epitou 158 moun te patisipe nan odyans yo. Yon lòt 188 moun te reponn yon pati oswa tout kesyonè sondaj la sou entènèt. De (2) moun te voye temwayaj yo nan imèl. Nan tout fòma yo, remak la te pozitif ak pasyone a 98% pou kore Nòm yo, avèk 2% moun ki te reponn ki te sijere kèk ti koreksyon.

Nan mwa fevriye ak mas 2015, yo te antre remak yo nan dokiman an. Yo te soumèt dokiman an pou koreksyon, epi yo te soumèt dokiman an ankò ba espè nasyonal yo pour revizyon.

ENTWODIKSYON

Pifò rezilta yo te jwenn nan rechèch ak pratik ki baze sou prèv yo endike aklè koneksyon pozitif ki genyen ant aprantisaj sosyal ak emosyonèl, aprantisaj akademik, ak siksè nan lavi a.

> "Devlopman sosyal ak emosyonèl pozitif bay yon baz enpòtan pou devlopman ak aprantisaj pou lavi. Nan timoun piti, kontantman sosyal ak emosyonèl prevwa yon ajisteman favorab sosyal, konpòtmantal ak akademik nan peryòd entèmedyè timoun piti ak adolesans. Sa ede timoun yo gide tèt yo nan nouvo anviwònman yo, sa fasilite devlopman relasyon sipò avèk kamarad yo ak adilt yo, epitou sa kore konpetans yo pou yo patisipe nan aktivite aprantisaj yo." (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 2010: Devlopman Timoun Piti nan Pwogram pou Degoche Timoun ak Estrikti Aprantisaj Bonè, Devlopman Sosyal ak Emosyonèl)

Evolisyon devlopman sosyo-emosyonèl jèn timoun yo dwe se yon konsiderasyon enpòtan nan devlopman pwogram akademik, epitou nan gide kominikasyon ak konpòtman sosyal timoun yo. Lè timoun ki nan lekòl pre-matènèl yo antre nan anviwònman gwoup yo, yo angaje nan yon gwoup k ap grandi ofiramezi pou apwofondi relasyon yo avèk adilt ak kamarad deyò fanmi an, epitou yo kite aktivite endividyèl pou antre nan patisipasyon nan gwoup yo. Yo devlope yon seri ladrès k ap grandi ofiramezi avèk konsèy ak remak enteresan adilt ki chalere ba yo, tankou ladrès nan devlopman zanmitay, swiv règ ak woutin, jwe nan yon gwoup, rezoud konfli, pataje, epi patisipe youn-apre-lòt, ansanm avèk dispozisyon enpòtan pou yo aprann. Nan nivo Lekòl Matènèl, timoun yo agrandi ladrès sa yo nan pratik, nan ogmantasyon relasyon yo avèk lòt moun, epitou nan anpil kalite eksperyans adilt chalere deziyen. Ladrès sa yo kore patisipasyon timoun yo nan aktivite aprantisaj pou fasilite yo koute, kolabore, epi patisipe avèk lòt yo; nan pwosesis la, timoun yo aprann chèche ak itilize resous ki depase yo.

"Baz konpetans sosyal yo devlope nan premye senkan an konekte avèk sante emosyonèl yo, epi yo afekte konpetans yo pita pou yo adapte yo nan lekòl sou plan fonksyonèl, epitou pou yo fòme relasyon avèk siksè pandan tout lavi yo." (Konsèy Syantifik Nasyonal pou Devlopman Timoun, 2004). Konpetans pou kreye ak konsève relasyon solid ak pwodiktif gen gwo konsekans pou kwasans ak siksè nan lavi a (Weissberg & Cascarino, 2013). Relasyon sa yo, kòmanse avèk fanmi, answit avèk lòt timoun ak adilt deyò fanmi an, bay timoun yo enfòmasyon enpòtan sou kimoun yo ye ak kimoun yo kapab ye kòm moun, fason pou yo kominike avèk lòt moun, ak fason pou yo reponn nan sitiyasyon yo. Yo bay timoun yo konfò ak sekirite, ak plezi tou, epitou yo pèmèt timoun yo pran risk lè y ap analize ak aprann monn yo.

Rechèch a pratik ki baze sou prèv montre aklè koneksyon solid ki genyen ant aprantisaj sosyal ak emosyonèl, aprantisaj akademik, ak siksè nan lavi a (Domitrovich, Dusenbury & Hyson, 2013; US DHHS, 2010). Sa vle di, devlopman sinèjik ladrès sosyal ak emosyonèl ak akademik ankouraje epi fasilite konpetans siperyè panse. Pou gide devlopman timoun yo pou yo kapab vin ap panse, gen santiman, ak konpòtman, nou dwe kòmanse bonè pou montre, anseye ak kore ladrès emosyonèl ak sosyal ak apwòch pozitif yo nan jwèt ak aprantisaj (CSEFEL, 2008). Patisipasyon nan gwo rechèch sa a enpòtan pou moun k ap travay nan edikasyon timoun piti, ak nan pwogram gadri, ak lekòl primè jiska lekòl segondè, pou fanmi yo ak pou kominote yo.

Pou kounye sa, Massachusetts gen kèk nòm pou aprantisaj sosyo-emosyonèl (SEL) ki antre nan Estrikti Pwogram Akademik lan [Curriculum Frameworks (DESE)] ak/oswa Gid pou Eksperyans Aprantisaj nan Lekòl Pre-Matènèl (EEC) nan anpil domèn akademik (avèk objektif prensipal yo jwenn nan nòm pou Sante Jeneral), men dokiman sa yo pa sitou pale osijè devlopman sosyo-emosyonèl oswa apwòch pou aprann. Nan ane 2013, yo te fè yon etid sou konfòmite (Kagan, Scott-Little, & Reid, 2013) ki te rekòmande pou fè atansyon nan domèn enpòtan sa yo. Kreyasyon nòm endepandan pou devlopman sosyal ak emosyonèl ak apwòch pou jwèt ak aprantisaj ap elimine diferans yo epi l ap mete anplas pyès ki manke nan baz solid Massachusetts pou devlopman ak aprantisaj timoun piti.

Timoun yo antre nan pwogram edikasyon bonè ki gen anpil divèsite nan eksperyans, langaj, kilti, devlopman, ak konpetans, pou kreye pi gwo divèsite devlòpmantal nenpòt gwoup laj. Kèk ka te pase anpil tan nan anviwònman gwoup, lòt pa t pase tan ditou. Pou timoun ki gen yon ti eksperyans nan gwoup anvan oswa ki pa genyen ditou, ladrès sosyo-emosyonèl nan aprantisaj ak devlopman relasyon ka pi difisil.

Nou devlope Nòm sa yo pou timoun ki gen laj pou Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl, pandan nou rekonèt devlopman an ap fèt nan yon pwosesis. Sa kapab ede ankouraje yon tranzisyon timoun ki nan Lekòl Pre-Matènèl pou yo antre nan Lekòl Matènèl avèk siksè, yon tranzisyon yo montre ki ede ankouraje siksè akademik elèv yo pi devan ak patisipasyon fanmi yo avèk sistèm edikasyon an (Malsch, Green, & Kothari, 2011; Skouteris, Watson, & Lum, 2012).

PRENSIP DEBAZ YO

Nòm Massachusetts pou Aprantisaj nan Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl nan Domèn Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl, ak Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj pral:

1. Devlope sou dokiman debaz Massachusetts nan EEC: *Gid Aprantisaj Bonè pou Tibebe ak Jèn Bebe, Gid pou Eksperyans Aprantisaj nan Lekòl Pre-Matènèl*, ak nan DESE: Eksperyans Aprantisaj nan Lekòl Pre-Matènèl, ak Gid pou Egzekite Pwogram Akademik pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl, epi y ap konekte avèk Estrikti Pwogram Akademik Massachusetts.
2. Baze nan rechèch yo fè nan: Kolaborasyon pou Aprantisaj Akademik, Sosyal ak Emosyonèl [Collaborative for Academic, Social, and Emotional Learning (CASEL)]: Head Start; Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun [National Association for the Education of Young Children (NAEYC)]; Komisyon pou Timoun Eksepsyonèl, Divizyon Edikasyon Timoun Piti [Division of Early Childhood, (DEC)]; Sant pou Fondasyon Sosyal ak Emosyonèl pou Aprantisaj Bonè [Center on the Social and Emotional Foundations for Early Learning (CSEFEL)]; Sistèm pou Bay Nòt pou Evalyasyon nan Salklas [Classroom Assessment Scoring System (CLASS)]; Ranfòsman Fanmi yo; ak Modèl Ansèyman ak Evalyasyon Klas Mondyal [World Class Instructional Design and Assessment (WIDA)].
3. Devlope avèk remak yo jwenn nan domèn nan edikasyon bonè, ak espè nasyonal yo.
4. Kore edikatè yo, administratè yo nan sistèm prezantasyon miks, ak fanmi yo.
5. Konsantre sou koneksyon avèk tout lòt domèn devlopman timoun: devlopman konyitif ak konesans jeneral, devlopman langaj ak kominikasyon, ak devlopman ak sante fizik.
6. Endike devlopman timoun yo nan ladrès sosyo-emosyonèl, ak atitid yo pou jwe ak aprann, afekte nan anpil kontèks sosyal ak kiltirèl ak nan eksperyans anvan, epitou gen konsekans sou siksè timoun yo pandan tout tan yo pase nan lekòl.
7. Respekte estil aprantisaj divès ak trajektwa timoun yo.
8. Kapab annakò avèk zouti evalyasyon ki la kounye a: Sistèm Echantiyonaj Travay, Estrateji Ansèyman Gold, ak Dosye Obsèvasyon Timoun [Child Observation Record (COR)] High Scope.
9. Konsantre sou aspè devlòpmantal nòm yo, ak amelyorasyon ladrès yo san pran souf pou tout timoun yo apa, sitou timoun ki gen bezwen espesyal yo ak timoun k ap aprann nan de lang yo.
10. Ankouraje kontinwite devlopman an ant pwogram lekòl pre-matènèl ak pwogram lekòl matènèl.

NÒM YO

Nòm pou Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl yo prezante objektif yo nan senk (5) domèn: Konsyantizasyon (ekspresyon emosyonèl, pwendvi pèsonèl, efikasite pèsonèl), Oto-Jesyon (kontwòl enfliyans ak oto-jesyon), Sansibilizasyon Sosyal (konsiderasyon, respè pou lòt moun ak respè pou divèsite), Ladrès pou Devlope Relasyon (kominikasyon, devlopman relasyon, jesyon konfli, fason pou chèche èd), ak Ladrès pou Pran Desizyon Responsab.

Nòm pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl

Konsyantizasyon
Nòm SEL1: Timoun nan ap kapab rekonèt, idantifye, ak eksprime emosyon li yo.
Nòm SEL2: Timoun nan ap montre oto-pèsepsyon ki egzat.
Nòm SEL3: Timoun nan ap montre efikasite pèsonèl (konfidans/konpetans).
Oto-Jesyon:
Nòm SEL4: Timoun nan ap montre kontwòl enfliyans ak jesyon estrès.
Sansibilizasyon Sosyal:
Nòm SEL5: Timoun nan ap montre karakteristik santiman li.
Nòm SEL6: Timoun nan ap rekonèt divèsite, epitou l ap montre respè pou lòt yo.
Ladrès pou Devlope Relasyon:
Nòm SEL7: Timoun nan ap montre konpetans pou li kominike avèk lòt moun nan anpil kalite fason.
Nòm SEL8: Timoun nan ap angaje sou plan sosyal, epi l ap devlope relasyon avèk lòt timoun epi avèk adilt.
Nòm SEL9: Timoun nan ap montre konpetans pou li jere konfli.
Nòm SEL10: Timoun nan ap montre konpetans pou li chèche èd epitou pou li bay èd.
Ladrès pou Pran Desizyon ki Responsab:
Nòm SEL11: Timoun nan ap montre li kòmanse gen responsablite pèsonèl, sosyal ak etik.
Nòm SEL12: Timoun nan ap montre konpetans pou li reflechi sou rezilta aksyon ak desizyon li yo, epitou pou li evalye yo.

Nòm pou Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj prezante objektif yo nan uit (8) domèn: Inisyativ, Kiryozite, Pèsistans ak Angajman, Kreyativite, Kolaborasyon, Solisyon Pwoblèm, Ladrès Òganizasyon, ak Memwa.

Apwòch nan Nòm pou Jwe ak Aprann

Nòm APL1: Timoun nan montre inisyativ, otonomi ak endepandans.
Nòm APL2: Timoun nan ap montre eksitasyon ak kiryozite kòm yon apranti.
Nòm APL3: Timoun nan ap kapab kenbe objektif ak atansyon, epi l ap pèsiste nan efò pou fè yon devwa.
Nòm APL4: Timoun nan ap montre kreyativite nan panse ak nan itilizasyon materyèl.
Nòm APL5: Timoun nan ap kolabore avèk lòt timoun nan jwèt ak aprantisaj.
Nòm APL6: Timoun nan ap chèche anpil solisyon pou yon kesyon, devwa, oswa pwoblèm.
Nòm APL7: Timoun nan ap montre ladrès òganizasyonèl.
Nòm APL8: Timoun nan ap kapab konsève ak sonje enfòmasyon yo.

Lè Massachusetts ap kontinye devlope nòm jeneral pou ladrès pou tout timoun k ap abòde dire total edikasyon elèv yo, pwofesyonèl yo kapab asire chak timoun gen eksperyans aprantisaj solid nan tout domèn yo: Boza, Lang ak Literati Anglè, Sante Jeneral, Matematik, Istwa ak Syans Sosyal, Syans/Teknoloji ak Jeni.

Y ap bay enfòmasyon pou pwofesyonèl yo pou fasilite eksperyans debaz pou timoun yo nan Devlopman Sosyal ak Emosyonèl ak Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj nan yon dokiman sipò sou oryantasyon pou Nòm sa yo.

FASON POU ITILIZE DOKIMAN NÒM YO

Yo fòmate nòm yo pou bay yon deskripsyon ak enfòmasyon sou chak nan ladrès yo. Nòm yo poukont yo laj ak jenerik, epi yo la pou montre anpil kalite devlopman ak aprantisaj timoun yo pwofesyonèl yo ka jwenn nan pwogram edikasyon timoun bonè (Lekòl Pre-Matènèl oswa Lekòl Matènèl). Timoun yo ap devlope epi montre anpil kalite ladrès ak konpetans aprantisaj ansanm avèk yon pwosesis, selon eksperyans endividyèl yo andedan fanmi yo ak nan pwogram edikasyon timoun piti, epitou nan lang yo, kilti yo ak konpetans endividyèl yo oswa andikap yo.

Apre Nòm yo se seksyon ki sou "Egzanp Prèv" ki dekri konpetans ki asosye avèk chak Nòm. Eleman Prèv yo montre egzanp anpil kalite fason timoun yo ka montre konpetans, ak yon pwogresyon devlòpmantal sou sa timoun yo kapab montre anjeneral nan sèten laj, dapre rechèch (pa egzanp, yon egzanp sa ou ta ka wè nan fen Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl). Men, li enpòtan pou sonje se pa tout timoun k ap rive nan nivo sa yo anmenmtan oswa nan nenpòt laj espesyal, ni se pa tout timoun n ap vin gen konpetans sou chak eleman yo eksplike nan Prèv yo. Nòm ak Prèv yo bay yon gid pou konprann ak fasilite konpetans timoun yo pou yo ajoute panse, santiman ak konpòtman pou yo kapab reyalize objektif ak siksè.

Egzanp Prèv yo pa la pou yo itilize kòm eleman lis ki nesesè pou mezire reyalizasyon oswa siksè timoun yo, men pito pou dekri konpòtman yo ta ka obsève nan fen Lekòl Pre-Matènèl oswa nan fen Lekòl Matènèl. Yo pi byen abòde vrè evalyasyon nòm sa yo kòm yon pwosesis pwogrè. Devlopman nan domèn sa yo se yon pwosesis dinamik k ap kontinye kote chak moun fè eksperyans yo nan yon fason inik. Gade egzanp ki anba la a.

Deskripsyon Nòm nan

SEL1: Rekonèt, Idantifye, epi Eksprime Emosyon yo

Emosyon yo kapab fasilite oswa anpeche angajman akademik timoun yo, etik travay, angajman ak siksè final nan lekòl (Elias et al., 1997). Nan fen ane Lekòl Pre-Matènèl, timoun ki vin gen yon baz emosyonèl solid ap gen konpetans pou prevwa, pale sou sansibilizasyon pa yo ak sou santiman lòt moun epitou itilize sansibilizasyon yo pou yo pi byen kontwole kominikasyon sosyal chak jou. Lè timoun yo byen kontwole santiman yo, panse a kapab deteryore (Komite Syantifik Nasyonal pou Devlopman Timoun, 2004). Jèn timoun ki resevwa gid adilt chalere pou yo vin enfòme ak konnen pwòp emosyon yo kòm emosyon ki vrè ak valab avèk fason ki apwopriye/akseptab pou eksprime santiman yo ap kòmanse devlope yon bon sans lanmou-pwòp. Afichaj emosyon yo, epi answit entèpretasyon emosyon lòt moun, se yon fasilite pou fòme relasyon avèk lòt moun. Sansibilizasyon ak ekspresyon sa a asosye anpil avèk nòm kiltirèl yo. Domèn konsyantizasyon konekte deprè avèk oto-jesyon epitou avèk sansibilizasyon sosyal.

Nòm

Nòm SEL1:
Timoun nan ap kapab rekonèt, idantifye, ak eksprime emosyon li yo.

Kèk Egzanp Prèv

Kolòn Lekòl Pre-Matènèl

Kolòn Lekòl Matènèl

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka... kapab	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• rekonèt epi endike emosyon debaz (pa egzanp, kontantman, tristès, kòlè, laperèz, sipriz) epi asosye yo avèk mo, ekspresyon figi, ak/oswa jès. • kòmanse devlope yon vokabilè rich ki gen pou wè ak emosyon/santiman. • eksprime anpil kalite emosyon yon fason apwopriye avèk jès, aksyon, desen, oswa langaj, avèk prezantasyon ak sipò. • montre li kòmanse konprann koneksyon ant santiman ak konpòtman (pa egzanp, "si..., lè sa a...")	• endike emosyon debaz yo epi rekonèt kèk emosyon konplèks, epi asosye yo avèk ekspresyon figi, langaj kòporèl, ak konpòtman (pa egzanp, fyète, wont fristrasyon, nèvozite, solitid). • itilize vokabilè ki rich ak pi espesifik ki gen pou wè ak ti diferans nan emosyon yo (pa egzanp, happy=ecstatic, glad, joyful, elated, delighted, pleased, elatriye). • eksprime epi fè konnen pwòp santiman yo nan anpil kalite fason (pa egzanp, nan pale, ekri, desen, egzajerasyon). • avèk sipò, dekri rezon pou pwòp santiman yo ak sitiyasyon ki lakòz yo (estimilasyon/pwovokasyon).

Prèv Lekòl Pre-Matènèl *

Prèv Lekòl Pre-Matènèl*

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

*Y ap evalye *Nòm* yo; yo bay *Egzanp Prèv* yo pou dekri kijan yon timoun ka montre konpetans li nan chak *Nòm*.

NÒM APRANTISAJ SOSYAL AK EMOSYONÈL

Nòm Massachusetts pou Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl nan Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl ak Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj itilize yon estrikti ki baze sou senk (5) ansanm konpetans ki konekte youn ak lòt pou aprantisaj sosyal ak emosyonèl Kolaborasyon pou Aprantisaj Akademik, Sosyal ak Emosyonèl [Collaborative for Academic, Social, and Emotional Learning (CASEL)] idantifye: Konsyantizasyon, Oto-Jesyon, Sansibilizasyon Sosyal, Ladrès pou Gen Relasyon, ak Ladrès pou Pran Desizyon ki Responsab. Domèn yo konekte youn ak lòt, menm jan ladrès yo konekte youn ak lòt nan epi ant chak domèn. Pou rekonèt fason kalite domèn devlòpmantal sa yo anpyete, li difisil pou klase konpetans yo an òd nan sèten kategori. Jan sa dekri nan grafik ki anba la a, ladrès ki gen pou wè ak konsyantizasyon ak oto-jesyon, epitou ak ladrès pou konsyantizasyon sosyal ak relasyon, yo tout konekte ak kontribiye nan ladrès pou pran desizyon ki responsab.



<u>Nòm pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl</u>

Konsyantizasyon
Nòm SEL1: Timoun nan ap kapab rekonèt, idantifye, ak eksprime emosyon li yo.
Nòm SEL2: Timoun nan ap montre oto-pèsepsyon ki egzat.
Nòm SEL3: Timoun nan ap montre efikasite pèsonèl (konfidans/konpetans).
Oto-Jesyon:
Nòm SEL4: Timoun nan ap montre kontwòl enfliyans ak jesyon estrès.
Sansibilizasyon Sosyal:
Nòm SEL5: Timoun nan ap montre karakteristik santiman li.
Nòm SEL6: Timoun nan ap rekonèt divèsite, epitou l ap montre respè pou lòt yo.
Ladrès pou Devlope Relasyon:
Nòm SEL7: Timoun nan ap montre konpetans pou li kominike avèk lòt moun nan anpil kalite fason.
Nòm SEL8: Timoun nan ap angaje sou plan sosyal, epi l ap devlope relasyon avèk lòt timoun epi avèk adilt.
Nòm SEL9: Timoun nan ap montre konpetans pou li jere konfli.
Nòm SEL10: Timoun nan ap montre konpetans pou li chèche èd epitou pou li bay èd.
Ladrès pou Pran Desizyon ki Responsab:
Nòm SEL11: Timoun nan ap montre li kòmanse gen responsablite pèsonèl, sosyal ak etik.
Nòm SEL12: Timoun nan ap montre konpetans pou li reflechi sou rezilta aksyon ak desizyon li yo, epitou pou li evalye yo.

KONSYANTIZASYON

Konsyantizasyon defini kòm "konpetans pou rekonèt emosyon ak panse yon moun avèk presizyon ak enfliyans moun nan sou konpòtman. Sa gen ladan evalyasyon pwen fò ak limit yon moun avèk presizyon, ak devlopman yon sans lanmou-pwòp ak optimis" (CASEL, 2013). Patikilarite debaz devlopman emosyonèl gen ladan konpetans pou idantifye epi pou konprann santiman yon moun, pou li ak konprann eta emosyon nan lòt moun yo, pou kontwole gwo emosyon ak ekspresyon yo nan yon mannyè konstriktif epitou pou kore relasyon (Komite Syantifik Nasyonal pou Devlopman Timoun, 2004). Konsyantizasyon ak konpetans pou konprann ak endike emosyon se baz pou entèraksyon ak relasyon ki bon pou sante avèk lòt moun yo, epi poutèt sa enpòtan pou siksè nan lekòl epi nan yon lavi ki bay satisfaksyon epi ki gen siksè. Nòm ki nan seksyon sa a gen pou wè ak sansibilizasyon timoun yo ak ekspresyon pwòp santiman pa yo, bezwen yo, preferans yo, ak kapasite yo.

SEL1: Rekonèt, Idantifye, epi Eksprime Emosyon yo
Emosyon yo kapab fasilite oswa anpeche angajman akademik timoun yo, etik travay, angajman ak siksè final nan lekòl (Elias et al., 1997). Nan fen ane lekòl pre-matènèl, timoun ki vin gen yon baz emosyonèl solid ap gen konpetans pou prevwa, pale sou sansibilizasyon pa yo ak sou santiman lòt moun epitou itilize sansibilizasyon yo pou yo pi byen kontwole kominikasyon sosyal chak jou. Lè timoun yo byen kontwole santiman yo, panse a kapab deteryore (Komite Syantifik Nasyonal pou Devlopman Timoun, 2004). Jèn timoun ki resevwa gid adilt chalere pou yo vin enfòme ak konnen pwòp emosyon yo kòm emosyon ki vrè ak valab avèk fason ki apwopriye/akseptab pou eksprime santiman yo ap kòmanse devlope yon bon sans lanmou-pwòp. Afichaj emosyon yo, epi answit entèpretasyon emosyon lòt moun, se yon fasilite pou fòme relasyon avèk lòt moun. Sansibilizasyon ak ekspresyon sa a asosye anpil avèk nòm kiltirèl yo. Domèn konsyantizasyon konekte deprè avèk oto-jesyon epitou avèk sansibilizasyon sosyal.

Nòm SEL1:
Timoun nan ap kapab rekonèt, idantifye, ak eksprime emosyon li yo.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• rekonèt epi endike emosyon debaz (pa egzanp, kontantman, tristès, kòlè, laperèz, sipriz) epi asosye yo avèk mo, ekspresyon figi, ak/oswa jès. • kòmanse devlope yon vokabilè rich ki gen pou wè ak emosyon/santiman. • eksprime anpil kalite emosyon yon fason apwopriye avèk jès, aksyon, desen, oswa langaj, avèk prezantasyon ak sipò. • montre li kòmanse konprann koneksyon ant santiman ak konpòtman (pa egzanp, "si..., lè sa a...")	• endike emosyon debaz yo epi rekonèt kèk emosyon konplèks, epi asosye yo avèk ekspresyon figi, langaj kòporèl, ak konpòtman (pa egzanp, fyète, wont, fristrasyon, nèvozite, solitid). • itilize vokabilè ki rich ak pi espesifik ki gen pou wè ak ti diferans nan emosyon yo (pa egzanp, kontan=plen ak lajwa, satisfè, jwaye, ge, rejwi, elatriye). • eksprime epi fè konnen pwòp santiman yo nan anpil kalite fason (pa egzanp, nan pale, ekri, desen, egzajerasyon). • avèk sipò, dekri rezon pou pwòp santiman yo ak sitiyasyon ki lakòz yo (estimilasyon/pwovokasyon).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

KONSYANTIZASYON kontinye

SEL 2: Oto-Pèsepsyon Egzat
Oto-pèsepsyon/konsèp pèsonèl kapab defini kòm rekonesans senbòl, konpetans, atitid, ak valè timoun yo kwè sou tèt yo epi ki defini yo. Sa gen ladan sansibilizasyon ki endike faktè sa yo fè yo inik, epitou faktè sa yo fè yo vin pati nan gwoup lòt moun ki pataje yo. Nan toulède pwendvi yo, timoun yo defini valè yo, kòm moun epi kòm manm yon bagay ki pi gwo pase yo.

Konviksyon timoun yo sou tèt yo devlope sitou poukont yo; oto-evalyasyon yo ka egzat oswa yo ka pa egzat. Lè timoun yo evalye tèt yo avèk ase presizyon, yo nan yon bon pozisyon pou chwazi aktivite ki apwopriye pou laj yo epitou yo travay pou reyalize objektif ki rezonab (Ormrod, 2008). Li enpòtan pou timoun yo satisfè sou plan fondamantal avèk moun yo ye a, men tou pou yo gen yon evalyasyon ki egzat ofiramezi sou pwen fò yo ak limit yo. Sa ap ankouraje yo pou yo travay di pou yo vin pi bon nan domèn yo kapab mwens lan. Sa ap ede yo tou respekte konpetans moun ki maton nan domèn kote yo menm pa maton (Harter, 1993).

Oto-konsèp timoun yo, kit li pozitif kit li negatif, kapab gen gwo konsekans sou motivasyon yo pou yo aprann, ak sou angajman yo nan entèraksyon sosyal, satisfaksyon avèk efò, volonte pou yo leve defi, elatriye. Kilti, anviwònman, ak eksperyans jwe sou oto-pèsepsyon. Li enpòtan pou konprann ak respekte eleman sa yo pou kore devlopman ki bon pou sante.

Nòm SEL2: Timoun nan ap montre oto-pèsepsyon egzat.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• idantifye kèk karakteristik pèsonèl tankou karakteristik fizik, konpetans, preferans, enterè, sèk (pa egzanp, "Mwen se/mwen kapab..."). • konnen kèk enfòmasyon enpòtan sou tèt li (pa egzanp, prenon ak non fanmi, non paran/responsab legal). • montre rekonesans tèt li kòm yon moun inik (sètadi, kèk bagay ki distenge li pami lòt yo). • idantifye òganizasyon pèsonèl ak òganizasyon fanmi (montre sansibilizasyon tèt yo kòm moun ki fè pati nan yon gwoup oswa nan anpil gwoup). • montre oswa eksprime preferans pèsonèl epi eksplike rezon pou chwa a.	• dekri karakteristik pèsonèl sou plan reyalis (pa egzanp, karakteristik fizik, konpetans/ladrès, enterè, preferans). • divilge enfòmasyon sou tèt li ba lòt moun, epitou rekonèt lè li divilge enfòmasyon yo sa pa apwopriye (pa egzanp, rekonèt nòm fanmi oswa nòm kiltirèl konsènan fason pou divilge enfòmasyon yo). • konpare/fè diferans pwòp karakteristik fizik li, preferans li yo, panse li yo, ak santiman li yo pami pa lòt moun yo (pa egzanp, "Mwen gen zye mawon, li gen zye ble;" "Mwen renmen X; li renmen Y"). • montre sansibilizasyon ak apresyasyon tèt li nan yon fanmi, kilti/etnisite, langaj, kominote, oswa gwoup. • eksplike rezon pou yon preferans/chwa sou yon lòt (pa egzanp, "Mwen bezwen fè plis travay sou pwojè mwen nan sant boza a," "Mwen lèt pi plis pase ji.")

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

KONSYANTIZASYON kontinye

SEL 3: Efikasite Pèsonèl (konfidans/konpetans)
Efikasite pèsonèl se konviksyon ki endike yon moun kapab reyalize yon travay lè moun nan itilize pwòp konpetans li. "Timoun ki pi gen plis konsyans ak konfyans nan tèt yo sou konpetans aprantisaj yo eseye pi di epi yo pèsiste nan lè yo jwenn defi" (Aronson, 2002). Timoun ki gen konfyans nan tèt yo yo panse pozitif sou konpetans yo pou yo fè bagay yo oswa pou yo adapte yo nan chanjman sitiyasyon yo. Yo vle pran yon risk rezonab, eksprime oswa defann lide yo, eseye nouvo eksperyans, oswa angaje yo nan travay ki difisil. "Yon bon sans efikasite amelyore siksè ak sante fizik imen nan anpil ak yon pakèt fason. Moun ki gen konfyans nan tèt yo apwoche travay difisil yo kòm defi yo dwe metrize alaplas menas yo dwe evite" (Pajares & Schunk, 2001). Konfidans (konsèp pèsonèl) gen pou wè ak konviksyon ak santiman yon moun sou valè pèsonèl li. Valè pèsonèl pa konstan, men li devlope apre yon peryòd tan. Li anba enfliyans anviwònman, remak ekstèn, defi, kontèks sosyal, faktè kiltirèl, ak lòt kontèks (pa egzanp, kèk kilti apresye entèdepandans pi plis pase endepandans).

Nòm SEL3: Timoun nan ap montre efikasite pèsonèl (konfidans/konpetans).

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• montre konfidans nan pwòp konpetans li pou fè devwa yo epi pou li satisfè nan reyalizasyon devwa yo. • montre plezi nan metriz ladrès oswa travay. • eseye itilize ladrès yo pou viv chak jou. • montre konfyans rezonab ak/oswa prekosyon nan apwoche nouvo eksperyans yo. • pale pou aksyon oswa fè aksyon apwopriye pou defann tèt li oswa pou satisfè bezwen/dwa pa li. • montre volonte pou pran kèk risk (pa egzanp, goute manje li pa abitye manje, eseye yon aktivite tounèf, itilize materyèl oswa ekipman li pa abitye avèk yo).	• montre konfidans nan konpetans pèsonèl, ak satisfaksyon avèk rezilta pwòp travay li (pa egzanp, fè deklarasyon ki pozitif sou tèt li). • divilge kòmsadwa metriz ladrès oswa metriz travay avèk siksè ba lòt moun. • Itilize ladrès yo yon fason endepandan pou viv chak jou avèk konfidans ak konpetans. • montre konfyans nan pwòp konpetans li ak nan pèsepsyon rezonab limit yo (pa egzanp, defi oswa domèn kote li ta ka bezwen èd). • eksprime panse endepandan, defann lide yo, epi fè aksyon apwopriye pou defann dwa pa li. • montre volonte pou pran risk rezonab (pa egzanp, patisipe nan yon aktivite li pa abitye, eseye yon nouvo ladrès, eseye yon eksperyans difisil ankò).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

OTO-JESYON

Oto-jesyon se konpetans yon moun genyen pou li kontwole emosyon li yo, panse li yo konpòtman li yo yon fason ki efikas nan diferan sitiyasyon. Sa gen ladan jesyon estrès, kontwòl enpilsyon, motive tèt ou, fikse objektif pèsonèl ak akademik, epitou travay pou reyalize objektif sa yo (CASEL, 2013). Yon se objektif pou lavi k ap dire anpil tan.

SEL 4: Kontwòl Enpilsyon ak Jesyon Estrès

Konpetans timoun yo pou yo endike ak kontwole diferan emosyon bay yo zouti sosyal ki fò: Avèk mo, timoun yo kapab 'diskite' olye yo aji avèk santiman negatif yo" (Raver, 2002). Konpetans pou yon moun kontwole/jere enpilsyon ak konpòtman li gen konsekans sou relasyon yo ak sou atansyon ak pèfòmans akademik. Pou timoun yo kapab fonksyone byen nan lekòl ak nan lavi, yo bezwen vin gen konpetans pou poze ak panse anvan yo pale ak aji, epitou pou yo anpeche tèt yo aji avèk enpilsyon. Ladrès sa a gen ladan tou kapasite pou adapte/fleksibilite ak konpetans pou redwi yon konpòtman oswa pou angaje nan yon konpòtman patikilye sou demann. Kòmansman kapasite pou adapte yo parèt bonè nan lavi avèk anviwònman sosyal/eksperyans, epitou yo kapab rafine ak aplike ofiramezi nan lòt domèn yo.

Nòm SEL4: Timoun nan ap montre kontwòl enpilsyon ak jesyon estrès.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• avèk sipò, itilize estrateji pou kontwole santiman ki ekstrèm oswa difisil (pa egzanp, modèl ajil, respire fò, fè yon desen). • avèk sipò, kòmanse kontwole enpilsyon yo (pa egzanp, kominike sa li vle/bezwen; rete tann yon bagay li vle). • idantifye sitiyasyon difisil yo, epi itilize ladrès pozitif pou jere yo (pa egzanp, rekonèt tout moun fè erè). • ajiste/fè konnen konpòtman yo kòmsadwa nan anviwònman li abitye avèk kèk rapèl (pa egzanp, andedan/deyò). • adapte/fè tranzisyon nan yon anviwònman oswa nan yon aktivite pou ale nan yon lòt avèk sipò (pa egzanp, soti lakay pou ale lekòl; soti nan lakou rekreyasyon pou ale nan pwogram; soti nan anviwònman li abitye pou ale nan anviwònman li pa abitye, elatriye). • fè chanjman nan panse oswa nan aksyon yo. (pa egzanp, aplike sijesyon adilt oswa kamarad ba li, ranplase materyèl, elatriye).	• itilize estrateji pou siviv poukont li pou kontwole santiman ki ekstrèm oswa difisil, oswa pou diminye nivo chagren (pa egzanp, mete tèt li apa, konte jiska dis, elatriye). • jere, kontwole, epi kominike sa li vle/sa li bezwen (pa egzanp, itilize estrateji pou ede retade satisfaksyon, tankou chwazi yon lòt mwayen). • analize sitiyasyon difisil epi idantifye fason ki bon pou sante li pou rezoud yo (pa egzanp, estrateji pou repare erè tankou efase, korije, rekòmanse, elatriye). • ajiste/fè konnen konpòtman yo (nivo vwa, mouvman kò, elatriye) ki apwopriye pou anpil kalite anviwònman avèk pi piti sipò a (pa egzanp, bibliyotèk, koulwa, oditoryòm, otobis, kafeterya, elatriye). • adapte/fè tranzisyon poukont li pami anviwònman yo oswa aktivite avèk pi piti sipò a (pa egzanp, re-antre nan pwogram nan apre aktivite deyò klas; soti nan yon aktivite pou ale nan yon lòt). • montre fleksibilite nan panse oswa aksyon (pa egzanp, mande sijesyon; reflechi sou lòt mwayen yo; adapte nan chanjman ki fèt sanzatann).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

SANSIBILIZASYON SOSYAL

Sansibilizasyon sosyal defini kòm konpetans pou pran pwendvi lòt moun epi pou idantifye avèk lòt moun ki nan anpil kalite orijin ak kilti, pou konprann nòm sosyal ak etik pou konpòtman an, epitou pou rekonèt fanmi, lekòl ak resous ak sipò kominotè (CASEL, 2013). Nan gwoup konpetans sa a, timoun yo devlope konpetans pou yo pran enfòmasyon ak konpreyansyon yo vin genyen konsènan tèt yo, pou yo eksprime li deyò epitou pou yo aplike li ba lòt moun pandan y ap obsève konpòtman, atitid, afichaj emosyon, ak angajman nan relasyon ak aktivite. Enfòmasyon kiltirèl, enfòmasyon familyal, ak enfòmasyon sou eksperyans aji sou domèn devlopman sa a.

SEL 5: Konsiderasyon
Konsiderasyon se eksperyans pou konprann emosyon oswa sitiyasyon yon lòt moun dapre pwendvi li. Se konpetans pou patisipe nan santiman oswa lide lòd moun, pou santi ou choke konsènan mekontantman oswa doulè, epi pou santi ou byen konsènan kontantman yo. Pou yon timoun kapab devlope konsiderasyon, li dwe kapab santi atachman nan yon lòt moun (Kagan, Moore & Bredekamp, 1995). Konpetans sa a anrasinen nan yon konpreyansyon eta mantal lòt moun yo (panse yo, santiman yo, dezi yo, motivasyon yo, entansyon yo). Sa egzije aplikasyon konsyantizasyon pou konprann lòt yo, paske si timoun yo pa kapab idantifye ak endike pwòp santiman yo, answit yo pa kapab rekonèt, site ak konprann emosyon lòt yo depase limit. Sansibilizasyon sosyal enpòtan pou konpetans sosyal ak pou devlopman yon sans san paspouki; li se yon baz pou rezolisyon konfli. "Yon bon sans konsiderasyon pèmèt timoun yo pran desizyon ki kòrèk pou yo san yo pa fè lòt yo mal oswa san yo pa chèche yo apwouve oswa aksepte yo. Sa ka ranfòse yo kont presyon negatif kamarad yo ak anpil kalite konpòtman tankou abi alkòl/dwòg, kraponnay, admirasyon tèt yo, agresyon oswa vyolans kont lòt yo" (Sack, 2012).

Nòm SEL5: Timoun nan ap montre karakteristik pou konsiderasyon.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• kòmanse rekonèt diferan moun ka gen diferan reyaksyon emosyonèl. • montre sansibilizasyon pou ekspresyon santiman lòt yo (ki aloral ak pa aloral). • reponn nan emosyon ak bezwen yon lòt moun (pa egzanp, bay konsolasyon; rapòte ba yon adilt). • avèk sipò (pa egzanp, sa k ap pase si...?), kòmanse prevwa santiman ak repons lòt yo. • montre jantiyès oswa konsiderasyon pou lòt moun oswa pou lòt kreyati vivan pi souvan.	• distenge santiman lòt yo epi kòmanse prevwa sou rezon ki fè yo ta ka diferan avèk pa li. • rekonèt, endike epi konekte avèk ekspresyon santiman lòt yo (pa egzanp, eksplike rezon/kòz yo). • reponn nan emosyon ak bezwen yon lòt moun (pa egzanp, pataje yon eksperyans pèsonèl sanblab; defann yon moun; abandone yon objè oswa mande yon lòt). • prevwa santiman, repons ak konpòtman lòt yo, epi pran desizyon poutèt sa. • montre jantiyès oswa konsiderasyon pou lòt moun oswa pou lòt kreyati vivan pi souvan.

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

SANSIBILIZASYON SOSYAL kontinye

SEL 6: Respè pou Lòt Moun

Respè vle di considere ak onore valè ki nan lòt moun. Montre respè vle di aji nan yon fason ki montre ou enterese a santiman ak sante fizik lòt moun nan koutwazi, konsiderasyon, ak apresyasyon. Baz li se nan idantifikasyon ak apresyasyon pwen fò ak pwen frajil yon moun (Galinsky, 2010) ak aplikasyon konpreyansyon sa a nan lòt moun. Lè timoun yo ap kòmanse konprann tèt yo ofiramezi nan yon pi gwo kontèks, y ap kòmanse rekonèt ak respekte diferans yo tankou ras, kilti, lang, konpetans, ak òganizasyon fanmi. Adopte diferans yo epi rekonèt pwen komen yo ap kontribiye nan konsiderasyon, redwi prejije, epi diminye nèt posiblite pou gen konpòtman kraponnay. Timoun yo vin gen konesans konvansyon sosyal nan anpil kalite kontèks avèk modèl adilt ak kamarad.

Nòm SEL6: Timoun nan ap rekonèt divèsite, epitou l ap montre respè pou lòt yo.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• montre sansibilizasyon pou pwen komen ak diferans pami moun yo (pa egzanp, sèks, ras, kapasite/andikap, lang, òganizasyon fanmi). • Montre enterè nan fanmi, lang ak kilti lòt yo oswa montre kiryozite konsènan yo. • kòmanse rekonèt moun diferan yo gen konpetans diferan. • kòmanse rekonèt moun diferan yo ka gen lide, dezi ak pwendvi diferan. • avèk kèk sipò, montre respè pou lòt moun lè li itilize konvansyon sosyal (pa egzanp, lè di "tanpri/mèsi"; lè li koute lè lòt yo ap pale). • avèk sipò, ekilibre bezwen pa li avèk bezwen lòt moun (pa egzanp, pataje materyèl, mande yon wotasyon).	• rekonèt epi idantifye pwen komen ak diferans pami moun yo (pa egzanp, ras, kilti, lang, konpetans, elatriye). • kominike diferans yo nan fanmi, lang, ak kilti, nan fason ki pozitif. • idantifye epi apresye konpetans, ladrès ak kalite lòt moun. • Aksepte validite pwendvi, lide ak motivasyon lòt yo (sètadi, yo pa "move," yo senpleman diferan). • montre respè pou lòt yo lè li itilize konvansyon sosyal (pa egzanp, leve men pou pale, patisipe lè moman pa li rive, respekte otorite). • ekilibre bezwen pa li poukont li avèk bezwen lòt moun (pa egzanp, pataje, separe materyèl, abandone yon objè, avanse pou fè plas pou yon lòt moun).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

LADRÈS POU DEVLOPE RELASYON

Ladrès pou devlope relasyon defini kòm konpetans pou kreye ak konsève relasyon solid ak pwodiktif avèk anpil kalite moun ak gwoup. Sa gen ladan kominike aklè, koute san pran souf, kolabore, reziste nan presyon sosyal ki pa apwopriye, negosye konfli yon fason pozitif, epitou chèche ak ofri èd lè li nesesè (CASEL, 2013).

SEL 7: Kominikasyon

Kominikasyon entè-pèsonèl se yon kominikasyon ki enpòtan pou devlope ak konsève relasyon. Kominikasyon an pèmèt timoun yo pataje pwen komen yo epi konekte avèk lòt yo nan fason ki serye. Nan kontèks sa a, kominikasyon depase pawòl ak langaj oral, epi li pwolonje nan rekonesans, pataj, ak konpreyansyon panse, lide, ak santiman. Timoun yo ka kominike/divilge panse, santiman ak bezwen pèsonèl yo ba lòt timoun oswa ba adilt nan anpil kalite fason ki pa vèbal (pa egzanp, ekspresyon figi, langaj kòporèl, tablo kominikasyon, desen, mouvman, elatriye). Sa vrè sitou pou timoun andikape yo ak/oswa pou timoun ki se k ap aprann nan de lang (WIDA, 2007). Eksperyans kiltirèl aji anpil sou kominikasyon (pa egzanp, ki pale avèk kimoun epi sou ki sijè).

Nòm SEL7: Timoun nan ap montre konpetans pou kominike avèk lòt yo nan anpil kalite fason.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• angaje nan kominikasyon serye oswa nan konvèsasyon serye avèk lòt timoun pandan tout lajounen (tankou langaj nan kay oswa lòt kalite sistèm kominikasyon jan li nesesè). • angaje nan kominikasyon serye oswa konvèsasyon serye avèk adilt ki nan pwogram nan (tankou langaj nan kay oswa lòt kalite sistèm kominikasyon jan li nesesè). • avèk sipò, koute oswa montre atansyon lè lòt yo ap pale (oswa kominike nan fason ki pa vèbal yo te montre yo, tankou jès, langaj siy).	• kòmanse epi angaje nan anpil kominikasyon oswa konvèsasyon resipwòk avèk lòt timoun pandan tout lajounen (tankou langaj nan kay oswa lòt kalite sistèm kominikasyon jan li nesesè). • angaje nan kominikasyon oswa konvèsasyon reyèl/detèmine avèk adilt ki nan pwogram nan (tankou langaj nan kay oswa lòt kalite sistèm kominikasyon jan li nesesè). • koute oswa montre atansyon epi reponn lè kamarad oswa adilt yo ap pale (oswa kominike nan fason ki pa vèbal tankou langaj siy, jès, langaj kòporèl).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

LADRÈS POU DEVLOPE RELASYON kontinye

SEL 8: Angajman Sosyal ak Devlopman Relasyon
Kilti timoun yo, fanmi yo ak eksperyans yo aji sou fòmasyon relasyon sosyal ki kòmanse avèk atachman depi lè timoun yo piti. Atachman se konpetans pou fòme ak konsève koneksyon emosyonèl solid avèk yon lòt moun. Atachman solid yo fasilite yon timoun renmen, vin yon bon zanmi, epi gen yon modèl pozitif pou relasyon pi devan yo (Perry, 2002). Timoun ki montre atachman kapab angaje nan entè-aksyon sosyal pozitif, yo kapab itilize konesans pa yo pou konprann ak fòme koneksyon avèk lòt yo, epitou yo jwenn timoun sa yo montre yo gen atitid ki pi pasyone pou yo aprann. Yo pwouve relasyon solid pwofesè/timoun pwouve sipòte siksè timoun yo nan lekòl. Relasyon avèk kamarad ak adilt kapab sipòte pwendvi pèsonèl pozitif ak santiman konfidans. Li enpòtan pou respekte eksperyans diferan timoun yo, estil fanmi yo, ak bezwen kiltirèl pou yo kapab devlope konpetans yo pou yo patisipe nèt nan opòtinite edikasyonèl ak nan sosyete a.

Nòm SEL8: Timoun nan ap angaje sou plan sosyal, epi l ap devlope relasyon avèk lòt timoun epi avèk adilt.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• angaje nan entè-aksyon avèk lòt pi souvan. • devlope youn oswa plis zanmitay ki espesyal ak antreteni (pa egzanp, chèche youn oswa plis timoun espesyal). • montre relasyon ki bay konfyans, ki chalere avèk youn oswa plis adilt nan edikasyon bonè ak nan anviwònman chalere. • itilize jwèt avèk lòt yo pou analize ak pratike wòl ak relasyon sosyal (pa egzanp, jwe anpil kalite wòl nan pyès teyat).	• kòmanse, agrandi, epi konsève entè-aksyon avèk lòt timoun pi souvan (pa egzanp, envante/prepare aktivite). • fòme epi antreteni zanmitay ki pi sensè ak pi antreteni ofiramezi (pa egzanp, montre fidelite, montre enkyetid bezwen/volonte timoun espesyal yo). • montre konfyans, relasyon chalere avèk plis pase yon adilt ki nan pwogram nan ak kominote lekòl la. • itilize jwèt avèk lòt yo pou pratike ak ogmante konpreyansyon wòl ak relasyon sosyal (pa egzanp, kreye epi entèprete plis egzajerasyon konplèks avèk dyalòg ak/oswa felisitasyon).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

LADRÈS POU DEVLOPE RELASYON kontinye

SEL 9: Jesyon Konfli

Gen konfli lè yon moun oswa yon gwoup moun gen bezwen, dezi, pwendvi, oswa objektif ki nwizib pou yon lòt moun oswa pou yon lòt gwoup moun. Konfli se yon pati nòmal lavi a, epi timoun yo dwe siviv avèk sa pandan y ap grandi. Aprann siviv avèk konfli se youn nan travay timoun yo lè yo gen matirite. Jesyon konfli bezwen konpetans pou analize sitiyasyon sosyal, idantifye pwoblèm yo, fikse objektif sosyab, epitou detèmine fason ki efikas pou rezoud diferans yo. Mwayen pou jere konfli kòmanse lè timoun yo vin gen ladrès pèsonèl debaz ak ladrès sosyal, sitou pou koute epi pou bay pwendvi li yo. Okazyon pou obsève ladrès sa yo, angaje ladan yo epi pratike yo prezante souvan pou premye fwa lè timoun yo antre nan gwoup sosyal yo. Ladrès yo ogmante avèk sipò epi avèk anpil okazyon ak kèk kalite okazyon diferan pou idantifye ak rezoud pwoblèm sosyal senp avèk rezonnman, jijman, panse kritik, ak kominikasyon (CSEFEL, 2014). Negosyasyon se yon fason timoun yo aprann jere konfli, epi timoun yo li parèt aklè lè timoun yo kòmanse itilize anpil kalite mwayen pou yo kominike pou satisfè bezwen yo oswa pou rezoud konfli yo. Devlopman ladrès sa a bezwen konsyantizasyon, prezantasyon pwendvi, konsiderasyon, ak respè (pa egzanp, "Kisa mwen bezwen/vle? Kisa lòt moun bezwen/vle? Kijan bezwen nou toulède kapab satisfè?"). Pwosesis negosyasyon pozitif gen ladan jwenn yon enterè komen nan pwoblèm nan epi travay pou yon rezilta "gayan-gayan".

Nòm SEL9: Timoun nan ap montre konpetans pou jere konfli.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• rekonèt egzistans yon konfli sosyal (pa egzanp, rekonèt/idantifye yon konfli). • itilize kòmansman ladrès negosyasyon (pa egzanp, endike pwòp pozisyon/pwendvi li avèk rezon). • chèche konsèy oswa èd kamarad ak/oswa adilt pou rezoud konfli, lè li apwopriye (pa egzanp, koute konsèy yo; diskite sou konfli; devlope solisyon yo). • avèk modèl ak sipò, negosye avèk lòt yo pou satisfè bezwen pa li epi pou reyalize objektif pa li yo; rekonèt konpwomi kòm yon pati solisyon an (pa egzanp, si ou __, m ap __; echanj, elatriye). • avèk sipò, konsidere estrateji prevansyon pou konfli entè-pèsonèl yo.	• rekonèt sitiyasyon konfli yo epi aji sou yo nan yon mannyè pozitif pi souvan (pa egzanp, eksplike sitiyasyon an san patipri; Koute pwendvi oswa solisyon lòt yo). • kapab koute epi rekonèt pwendvi ak rezon yon lòt moun (pa egzanp, eksplike/re-endike konpreyansyon pwendvi yon lòt moun). • distenge lè li apwopriye pou chèche èd adilt epi ak lè kamarad yo kapab rezoud konfli a. • kapab kòmanse estrateji konpwomi oswa negosyasyon epi angaje ladan yo pou chèche yon pozisyon entèmedyè oswa yon rezilta ki bay satisfaksyon komen (pa egzanp, itilize si/lè deklarasyon yo, konsesyon yo, elatriye). • idantifye kèk estrateji pou evite konfli entè-pèsonèl.

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

LADRÈS POU DEVLOPE RELASYON kontinye

SEL 10: Fason pou Chèche Èd ak Fason pou Ofri Èd

Chèche èd se konpetans pou satisfè bezwen yon moun, sa ki egzije konsyantizasyon epi pou jwenn sipò. Sungok, Kiefer, & Wang (2013) eksplike wòl chèche èd nan kontèks aprantisaj akademik: "Chèche èd se pati pwosesis oto-kontwòl. Pandan konpòtman pou chèche èd la, elèv yo angaje nan pwosesis meta-konyitif. Pou fè yon òf pou èd, elèv yo bezwen evalye difikilte travay la sou plan konyitif ak nivo konpetans yo genyen nan moman an... Pou jwenn èd avèk siksè, yon elèv dwe rekonèt li gen yon pwoblèm, deside si pou li mande èd ak kimoun pou li mande èd la, fè sa aklè, epi travay sou èd li resevwa a... kèk elèv mande èd anvan yo menm kòmanse reflechi sou yon pwoblèm, alòske lòt elèv yo evite chèche èd menm apre yo fè anpil efò san siksè poukont yo...".

Chèche ak jwenn èd kapab kontribiye nan devlopman relasyon, konfidans pèsonèl, ladrès kominikasyon, ak satisfaksyon komen. Mande èd ankouraje endepandans. Ofri èd kontribiye nan efikasite pèsonèl. Timoun yo bezwen kominike pou yo jwenn materyèl, aktivite, atansyon oswa èd nan men lòt yo. Si timoun yo gen konpetans pou fè sa y ap jwenn sipò nan chwa pozitif yo. Ofri èd bezwen sansibilite pou bezwen lòt yo epi pou jwenn yo pou bay sipò a. Toulède ladrès yo ede konprann itilizasyon adilt, kamarad ak materyèl kòm resous (CSEFEL, 2005).

Nòm SEL10: Timoun nan ap montre konpetans pou li chèche èd epitou pou li bay èd.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• rekonèt lè èd la nesesè (pa egzanp, lè li rive nan nivo fristrasyon). • idantifye sipò deyò (pa egzanp, yon adilt li fè konfyans; fason/kote pou li jwenn èd ak sipò). • mande èd adilt yo epi idantifye sipò ki nesesè. • mande èd kamarad yo. • rekonèt lè yon lòt moun bezwen èd.	• souvan eseye travay ki difisil yon fason rezonab poukont li anvan li mande èd. • dekri epi itilize estrateji apwopriye pou chèche èd (pa egzanp, gwo pwoblèm parapò ak ti pwoblèm). • mande èd adilt yo nan fason ki akseptab sou plan sosyal. • mande èd kamarad yo nan fason ki akseptab sou plan sosyal. • rekonèt lè yon lòt moun bezwen èd epi ofri èd la.
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

LADRÈS POU PRAN DESIZYON KI REZONAB

Ladrès pou pran desizyon ki rezonab defini kòm konpetans pou fè chwa ki pozitif ak respektye sou konpòtman pèsonèl ak entè-aksyon sosyal ki baze sou konsiderasyon nòm etik, enkyetid pou sekirite, evalyasyon konsekans ki reyalis, ak sante fizik li ak lòt yo (CASEL, 2013). Dapre DESE Massachusetts (2011), "Ladrès pou pran desizyon responsab gen ladan idantifikasyon pwoblèm nan ak analiz sitiyasyon an; solisyon pwoblèm; evalyasyon ak refleksyon, epi responsablite pèsonèl, sosyal, ak etik." Definisyon sa yo reprezante objektif pou lavi pandan anpil tan ki devlope ofiramezi avèk edikasyon ak sipò, men baz yo kòmanse lè timoun nan ti laj.

SEL 11: Responsablite Pèsonèl, Sosyal ak Etik

Pou jèn timoun yo, etik ka defini kòm konpetans pou prevwa rezilta epi pou konsidere eta sante lòt yo. Nan konpòtman sosyal yo k ap evolye, timoun yo aprann distenge ant sa ki bon ak sa ki pa bon, yo aprann itilize ladrès pou refize epitou yo aprann itilize reziste nan enfliyans negatif yo. Pou timoun lekòl pre-matènèl ak timoun ki nan lekòl matènèl yo, desizyon sa yo gen pou wè sitou ak respè règ pwogram nan, rezistans nan presyon kamarad, epi kontwole konpòtman agresif oswa tapajè.

Jèn timoun yo reflechi sou tèt yo anvan lòt yo, epi enterè pèsonèl yo ka se premye gid pou konpòtman yo. Se yon bagay ki trè nòmal. Pou timoun yo kapab vin gen yon objektif ki elaji, yo dwe resevwa opòtinite pou wè valè refleksyon gwoup la, epitou pou montre konpòtman pèsonèl, sosyal ak etik yo. Timoun yo kapab konnen lòt yo, konekte avèk yo epi gen enkyetid pou yo sou plan sosyal. Avèk plis eksperyans nan patisipasyon nan yon gwoup oswa nan kominote, epi avèk konsèy adilt responsab yo, timoun yo ap vin gen konpetans pou yo wè konsekans desizyon lòt yo sou yon pi gwo esfè sosyal, epitou pou yo konsidere satisfaksyon gwoup la, lekòl la, oswa kominote a.

Opòtinite pou santi yo responsab, jwenn konfyans ak itil pèmèt timoun yo montre efikasite pèsonèl, epi bay premye baz pou yo vin bon sitwayen nan kominote yo (pa egzanp, fè pati egalego yon moun, youn ede lòt, ak anviwònman an, epitou travay ansanm pou yon objektif komen). Apre yon peryòd tan, metrize konpetans sosyal ak emosyonèl ap fasilite yon chanjman lè timoun yo anba gwo kontwòl faktè ekstèn pou yo aji dapre konviksyon ak valè pèsonèl yo, montre yo chalere ak konsène pou lòt yo, pran bon desizyon yo, epi pran responsablite pou chwa ak konpòtman yon moun (Bear & Watkins, 2006).

Nòm SEL11: Timoun nan ap montre li kòmanse gen responsablite pèsonèl, sosyal ak etik.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• montre li kòmanse konprann rezon pou règ yo (avantaj pou tèt li ak pou lòt yo). • konprann epi swiv règ yo, limit yo, ak egzijans avèk ankourajman/èd. • montre volonte pou pran responsablite (pa egzanp, wòl moun k ap bay èd oswa wòl dirijan).	• fè konnen rezon pou règ yo (avantaj pou tèt li ak pou lòt yo). • konprann epi swiv règ yo, limit yo, ak egzijans avèk pi piti ankourajman/èd. • pran responsablite epi swiv yo (pa egzanp, sèvi kòm volontè pou travay yo epi fè travay yo).

LADRÈS POU PRAN DESIZYON KI REZONAB kontinye

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• aksepte kòmanse pran responsablite pou satisfaksyon/konfò lòt yo ak gwoup la (pa egzanp, pran swen yon bèt kay, ede pi jèn timoun yo oswa timoun ki mwen kapab). • konprann san yon pwoblèm ye (pa egzanp, defini/dekri egzanp yon pwoblèm sosyal/etik). • avèk sipò, diskite sou solisyon posib yo epi idantifye yo pou yon pwoblèm sosyal/etik. • rekonèt sitiyasyon ki san danje parapò ak sitiyasyon danjere (pa egzanp, atouchman ki apwopriye parapò ak atouchman ki pa apwopriye). • rekonèt presyon negatif kamarad (pa egzanp, lè sijesyon kamarad la an konfli avèk règ yo oswa konfòmite). • rekonèt anmèdman/kraponnay epi chèche sipò yon adilt.	• idantifye opòtinite pèsonèl epi pran responsablite pou satisfaksyon/konfò lòt yo ak gwoup la (pa egzanp, fè yon envite santi li alèz, ede yon moun ki mwen kapab). • idantifye epi fè konnen yon pwoblèm sosyal/etik (pa egzanp, dekri yon pwoblèm epi rapòte pwoblèm nan). • avèk sipò, diskite sou kòz ak solisyon posib yo epi idantifye solisyon yo pou yon pwoblèm sosyal/etik. • rekonèt sitiyasyon yo kòm sitiyasyon ki san danje parapò ak sitiyasyon ki danjere, epitou konnen ki aksyon pou pran (pa egzanp, danje etranje, sekirite, elatriye). • rekonèt presyon negatif kamarad (pa egzanp, refize patisipe nan aksyon kamarad ki an konfli avèk règ yo oswa konfòmite). • fè etap pou sispann anmèdman/kraponnay, epi/oswa jere li yon fason ki efikas (pa egzanp, entèvni; chèche sipò yon adilt).
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

LADRÈS POU PRAN DESIZYON KI REZONAB kontinye

SEL 12: Refleksyon ak Evalyasyon

Refleksyon, ki bezwen rapèl avèk analiz, angaje timoun yo nan entèpretasyon yon evènman oswa yon aksyon. Li bezwen refleksyon sou sa timoun yo te aprann, pwosesis yo te itilize, sa ki te enteresan, ak sa ki ta ka fèt kòm yon pwochen etap. Refleksyon transfòme yon egzèsis rapèl senp an yon pwosedi apwofondi ki analize koneksyon mwayen-fen. Planifikasyon ak refleksyon konsène desizyon pou pran ak solisyon pwoblèm. Refleksyon kapab ede timoun yo jeneralize konesans nan lòt sitiyasyon, sa k ap fasilite yo fè prediksyon ak evalyasyon. Jèn timoun yo kapab kòmanse egzamine sa ki te efikas ak sa ki pa t efikas, epitou reflechi sou rezon yo. Oto-refleksyon ak evalyasyon kontribiye nan konsyantizasyon ak konpreyansyon konsekans konpòtman yo, epitou yo ede timoun yo agrandi konesans yo (Epstein, 2003). Refleksyon pa vini fasil oswa nòmalman, epi jèn timoun yo bezwen èd pou yo konprann rezon pou aksyon yo, konpòtman yo, ak rezilta yo, ak pwosesis pou reflechi sou yo.

Nòm SEL12: Timoun nan ap montre konpetans pou li reflechi sou rezilta aksyon ak desizyon li yo, epitou pou li evalye yo.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• kòmanse fè koneksyon ant aksyon yo ak konsekans yo (sètadi, dekri kijan aksyon ak yo oswa konpòtman yo te afekte lòt yo). • kòmanse rekonèt desizyon/solisyon ki apwopriye parapò ak sa ki pa apwopriye (pa egzanp, saj parapò ak sa pa saj epi pou kisa). • reflechi sou pwòp konpòtman li, panse li ak aksyon li yo (kisa ki te efikas oswa sa kisa ki pa t efikas?) • kòmanse evalye konsekans chwa/desizyon pèsonèl yo (pa egzanp, sou sekirite pèsonèl, relasyon, entè-aksyon nan gwoup).	• prevwa oswa analize konsekans aksyon ak konpòtman yo (pa egzanp, lòt mwayen posib; sa ki kapab pase oswa ki te ka pase si...). • reflechi sou fason li te jere yon sitiyasyon epi idantifye chwa konpòtman yo kòm chwa ki apwopriye oswa ki pa apwopriye (sa parapò ak pa saj). • reflechi sou pwòp konpòtman li, panse ak aksyon li; kapab kreye lòt chwa posib pou eseye (kisa ki te ka efikas?). • reflechi sou rezilta desizyon yo epi evalye efikasite solisyon yo (pa egzanp, si/kijan solisyon an te rezoud pwoblèm nan avèk plis pase yon pwendvi).

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

APWÒCH POU JWÈT AK APRANTISAJ

Yo konsidere Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj kòm faktè enpòtan nan preparasyon pou lekòl, tankou konpetans pou abòde ak pèsiste nan travay ki difisil oswa ki bay fristrasyon, swiv enstriksyon yo, pran risk, epi fè erè, epitou travay nan yon gwoup (US DHHS, 2010). Apwòch timoun yo pou jwe ak aprann se prediktè puisan siksè yo pita nan lekòl (Baz Sante Mantal Timoun ak Rezo Ajans [FAN], 2000).

Apwòch pou jwe gen pou wè ak tandans, dispozisyon, oswa atitid timoun yo eseye oswa reponn nan sitiyasyon aprantisaj yo. Apwòch timoun yo pou aprann kontribiye nan siksè yo nan lekòl epi entè-aji avèk devlopman ak aprantisaj yo nan tout domèn. Apwòch sa yo ede timoun yo vin gen detèminasyon, epitou yo nesesè pou refleksyon nan lòd siperyè. Finalman, moun ki gen ladrès sa yo se travayè pwodiktif ak pi bon sitwayen.

Enpak Modèl ak Valè Kiltirèl

Petèt pa gen lòt dimansyon ki tèlman depann selon varyasyon endividyèl kòm apwòch pou aprantisaj. Rapò Panèl Objektif Edikasyon Nasyonal (National Education Goals Panel) (1995) eksplike sa fèt akòz diferans ki nan pratik pou edike pitit yo. Timoun yo aprann kijan pou yo fè travay yo dapre enstriksyon, konsèy, modèl, ak repons paran yo nan inisyativ timoun yo (pa egzanp, pratik pou paran yo edike pitit yo jwe sou si timoun paran yo kwè ki gen kontwòl sou evènman yo nan lavi yo oswa ki san defans, avèk lòt sous ki kontwole desten yo).

Modèl ak valè kiltirèl fè timoun y dispoze davans pou yo aprann nan fason ki diferan. Pa egzanp, nan kèk kilti, timoun yo jwenn ankourajman pou yo aprann lè yo angaje san pran souf nan dyalòg avèk paran yo; nan lòt tradisyon yo, timoun yo jwe yon wòl ki pi ouvè, pou yo koute enstriksyon ak konsèy paran yo trankil; nan lòt kontèks kiltirèl, timoun yo aprann avèk obsèvasyon, imitasyon, ak kominikasyon ki pa vèbal.

Varyasyon kiltirèl ka afekte estil travay timoun yo, tankou konfò yo pou yo travay poukont yo oswa sou plan sosyal; epitou sa ka afekte inatansyon oswa mwayen timoun yo pou yo konsantre. Yo pa dwe konsidere varyasyon sa yo kòm defisyans, men yo dwe konsidere yo kòm estrateji ekivalan. Kilti jwe sou dispozisyon davans timoun yo tou pou diferan modalite aprantisaj (fason yo pito apwoche travay aprantisaj la) avèk kèk timoun ki aprann pi fasil lè yo manipile materyèl pozitif, lèt yo lè yo pale sou yon pwoblèm, epi lòt yo lè yo itilize prezantasyon vizyèl pou yo konprann ti diferans li yo; sètènman, kèk timoun travay pi byen lè yo prezante yo avèk yon ansanm avèk anpil fòm solisyon pwoblèm k ap chanje tanzantan. Yo dwe respekte varyasyon nan apwòch pou aprann nan ak ant kilti pou kapab amelyore men pou pa dekouraje angajman timoun yo (Kagan, Moore, & Bredekamp, 1995).

Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj

<u>Apwòch nan Nòm pou Jwe ak Aprann</u>

Nòm APL1: Timoun nan montre inisyativ, otonomi ak endepandans.
Nòm APL2: Timoun nan ap montre eksitasyon ak kiryozite kòm yon apranti.
Nòm APL3: Timoun nan ap kapab kenbe objektif ak atansyon, epi l ap pèsiste nan efò pou fè yon devwa.
Nòm APL4: Timoun nan ap montre kreyativite nan panse ak nan itilizasyon materyèl.
Nòm APL5: Timoun nan ap kolabore avèk lòt timoun nan jwèt ak aprantisaj.
Nòm APL6: Timoun nan ap chèche anpil solisyon pou yon kesyon, devwa, oswa pwoblèm.
Nòm APL7: Timoun nan ap montre ladrès òganizasyonèl.
Nòm APL8: Timoun nan ap kapab konsève ak sonje enfòmasyon yo.

APL 1: Inisyativ

Inisyativ vle di konpetans pou fè chwa ak entansyon, pou pran lidèchip. Inisyativ gen pou wè ak konpetans timoun yo pou yo montre yon lespri endepandans ak yon sans kontwòl sou chwa yo. Li montre tou volonte timoun yo pou pouswiv relasyon sosyal epi pou montre yon sans endepandans ak konfidans k ap grandi pandan y ap entè-aji youn ak lòt. Pandan premye ane lavi yo, inisyativ ak kiryozite timoun yo pèmèt yo analize ak fè eksperyans nan fason k ap fasilite devlopman sèvo yo (NCQTL, 2014). Lè jèn timoun yo kòmanse fè chwa/pran desizyon ak entansyon avèk yon sèten bi oswa objektif nan tèt yo (pa egzanp, sa yo pral fè, avèk kimoun, epi anba ki kondisyon; ki materyèl yo pral itilize), y ap devlope inisyativ yo. Timidite, diferans kiltirèl, oswa eksperyans anvan ka bloke inisyativ la, men yo pa dwe yon baryè pou siksè a. Lòt ladrès ki asosye avèk inisyativ la gen ladan planifikasyon, prediksyon, ak antisipasyon.

Nòm APL 1: Timoun nan montre inisyativ, otonomi ak endepandans.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• pouswiv pwòp enterè li yo san planifikasyon nan jwèt ak nan aprantisaj. • montre eksitasyon pou aprann anpil kalite sijè, lide, ak travay. • montre volonte pou eseye eksperyans ki nouvo ak difisil. • kòmanse planifye, fikse objektif yo, epi pran desizyon, avèk èd (pa egzanp, dekri sa li gen entansyon fè nan yon domèn aktivite, avèk kimoun, epi nan ki sikonstans). • avèk sipò, itilize anpil kalite resous pou analize materyèl yo ak lide yo.	• konsidere anpil kalite enterè ak objektif pèsonèl, epi chwazi pami yo. • montre eksitasyon pou aprann anpil kalite sijè, lide ak travay, patisipe ladan yo, epi analize enterè sa yo an pwofondè. • chèche nouvo eksperyans poukont li, epi eseye defi k ap vin konplèks ofiramezi (sou plan fizik, konyitif, oswa sosyal). • angaje nan planifikasyon, detèminasyon objektif ak desizyon avèk kèk èd (pa egzanp, deside avèk kimoun pou travay ak jwe, epi nan ki sikonstans; dekri eta pou reyalize objektif yo, ak pwosesis/materyèl li dwe itilize). • itilize anpil kalite resous poukont li pou jwenn repons pou kesyon yo, pou rezoud pwoblèm yo, oswa pou kreye.
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

APL 2: Kiryozite

Kiryozite gen pou wè ak tandans nòmal timoun yo kòm apranti aktif pou analize tout aspè anviwònman an, tankou objè, moun, lide ak koutim. Kiryozite mande "swaf konesans," oswa depase sa ou konnen souvan avèk yon lespri/entansyon pou poze kesyon, sa ki vle di eksplorasyon. Kiryozite mennen nan nivo siperyè angajman entèlektyèl k ap fasilite yon timoun vin gen plis konesans apre yon peryòd tan, sitou nan edikasyon (Chamorro-Premuzic, 2014). Se nan poze kesyon ak chèche repons timoun yo devlope konesans yo.

Nòm APL 2: Timoun nan ap montre eksitasyon ak kiryozite kòm yon apranti.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• avèk sipò ak prezantasyon, poze kesyon "kisa" ak "kijan" pou vin gen enfòmasyon sou evènman ak fenomèn li abitye ak sa li pa abitye. • eseye nouvo ak lòt eksperyans (pa egzanp, analize, egzamine, materyèl, konstriksyon, lanati, epi fè eksperyans avèk yo). • avèk sipò, chèche enfòmasyon nan anpil kalite sous, tankou liv, espè, obsèvasyon. • itilize anpil kalite apwòch aprantisaj, tankou obsèvasyon, imitasyon, poze kesyon, rechèch pratik.	• poze kesyon "pou kisa" konsènan evènman ak fenomèn fiti li pa konnen, epitou konsènan isit la ak kounye a (pa egzanp, kijan, kisa pou mwen fè). • eseye anpil kalite nouvo eksperyans (pa egzanp, materyèl, travay, ladrès akademik ak fizik), poukont li epi avèk kamarad oswa adilt. • avèk sipò, chèche enfòmasyon nan anpil kalite sous, tankou liv, Entènèt, espè, ak obsèvasyon. • dekri oswa montre kijan li renmen aprann pi byen (pa egzanp, obsèvasyon, imitasyon, poze kesyon, rechèch pratik).
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

APL 3: Angajman/Pèsistans

Angajman vle di atansyon, oswa konpetans pou konsantre sou yon aktivite avèk konsantrasyon ki byen reflechi. Pèsistans vle di mwayen timoun yo pou yo kontinye patisipe nan sa y ap fè a epi pou yo jwenn defi ki apwopriye pou nivo devlopman yo (rete pi lontan nan yon sant epi angaje nan yon aktivite avèk regilarite k ap ogmante ofiramezi). Pèsistans gen ladan tou re-eseye travay pou gen siksè, oswa reyalize yon nivo siperyè defi oswa satisfaksyon; sa vle di pa abandone menmsi gen reta. Angajman aktif ak dirab timoun yo nan aktivite pwogram nan konekte avèk pwogrè yo fè nan kontwòl emosyon yo (Williford, Vick-Whittaker, Vitiello, & Downer, 2013). Answit, Rimm-Kaufman, La Paro, Downer, and Pianta (2005) te jwenn yo kapab prevwa siksè akademik nan pwogram lekòl matènèl avèk angajman aktif timoun yo nan aktivite yo.

Nòm APL3: Timoun nan ap kapab kenbe objektif ak atansyon, epi l ap pèsiste nan efò pou fè yon devwa.

Kèk Egzanp Prèv yo

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• avèk sipò, toujou konsantre sou yon devwa oswa sou yon aktivite pandan peryòd tan kout, jouk lè li fini. • avèk sipò, reziste nan distraksyon epi toujou gen atansyon nan yon travay oswa aktivite (pa egzanp, istwa timoun nan li awotvwa, demonstrasyon, diferan aktivite ki fèt anmenmtan). • avèk sipò, kontinye avèk aktivite yo oswa retounen ladan yo apre distraksyon oswa sispansyon yo. • toujou konsantre sou yon sijè pandan yon konvèsasyon oswa diskisyon. • avèk sipò, siviv avèk fristrasyon oswa desepsyon. • travay avèk objektif, detèminasyon ak kèk kontan sou travay li chwazi poukont li.	• toujou konsantre poukont li sou yon pwojè pandan yon peryòd tan ki long, jouk lè li fini. • reziste nan distraksyon epi toujou gen atansyon nan yon travay oswa aktivite (pa egzanp, enstriksyon pwofesè, anpil aktivite ki fèt anmenmtan). • kontinye avèk aktivite yo oswa retounen ladan yo malgre distraksyon oswa sispansyon. • patisipe nan diskisyon yo, toujou sonje lide diskisyon an ak kontribisyon lòt yo. • pèsiste poukont li malgre fristrasyon oswa desepsyon. • Travay pou fè pwojè pou pwòp satisfaksyon li ki baze sou nòm kalite oswa reyalizasyon pèsonèl ("bon ase" oswa "fini").

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

APL 4: Kreyativite

Kreyativite se fason timoun yo montre orijinalite. Menmsi li asosye souvan avèk boza ekspresyon, kreyativite aplike tou nan anpil domèn (redaksyon kreyatif, solisyon pwoblèm). Kreyativite/envansyon gen ladan volonte pou siviv avèk nouvo sitiyasyon ak pwoblèm, epitou volonte pou kapab analize nouvo lide, epi pou wè bagay yo nan yon diferan pwendvi. Timoun ki kreyatif agrandi ak eklèsi lide yo, epi yo apresye imè nan pwòp kontèks kiltirèl yo. Kreyativite sipòte kwasans mantal tou sou timoun yo lè li bay opòtinite pou yo eseye nouvo lide, ak nouvo fason pou yo reflechi ak rezoud pwoblèm (PBS Kids, 2014).

Nòm APL4: Timoun nan ap montre kreyativite nan panse ak nan itilizasyon materyèl.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• itilize materyèl, zouti, enfòmasyon, ak eksperyans nan fason ki nouvo ak diferan. • kòmanse rekonèt diferans ki genyen ant fè tankou gen sitiyasyon/sitiyasyon fantezi ak reyalite avèk sipò adilt (pa egzanp, kisa ki ta kapab/pa ta kapab pase nan reyalite a?). • kòmanse konprann ak itilize imè pou vin gen atansyon (pa egzanp, mo, aksyon). • itilize imajinasyon pou eksprime yon lide oswa konsèp. • eksprime lide avèk boza, mizik, mouvman, teyat.	• itilize materyèl, zouti, enfòmasyon, ak eksperyans pou eksprime lide oswa pou transmèt sans lan fason ki nouvo ak diferan. • dekri oswa reprezante diferans ant sitiyasyon fantezi ak reyalite a. • itilize imè pou jwe avèk konsèp/langaj oswa pou angaje oswa pou amize lòt moun jan sa apwopriye sou plan kiltirèl (pa egzanp, plezantri, devinèt, chante, rim). • itilize imajinasyon ak lòt materyèl pou pwodwi nouvo lide. • melanje materyèl ak ekipman pou eksprime lide avèk anpil kalite boza kreyatif.
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

APL 5: Jwèt ak Aprantisaj nan Kolaborasyon

Kolaborasyon kòmanse parèt lè timoun yo vin gen konpetans yo pou resipwosite, pou yo patisipe nan lè pa yo, epitou pou yo pataje. Y ap kontinye devlope ladrès pou kolabore pandan yo angaje nan relasyon pozitif, zanmitay, ak pwojè kolaborasyon. Aprantisaj kolaborasyon konekte avèk ladrès sosyal epi li sipòte ladrès sosyal tankou koute ak respekte pwendvi lòt yo, lidèchip, rezolisyon konfli, epi youn ede lòt.

Entè-aksyon avèk lòt moun ki gen diferan pwendvi ede devlope ladrès pou panse nan lòd siperyè, pandan timoun yo ap defye sipozisyon youn ak lòt epi pote diferan enfòmasyon nan pwosesis la, sa k ap mennen yo nan yon nivo ki pi wo pase yo te ka rive poukont yo. Anjeneral, timoun pa aprann poukont yo, men pito nan tèt ansanm avèk pwofesè yo, ansanm avèk kamarad yo, epitou avèk ankourajman fanmi yo (Elias et al., 1997).

Avèk jwèt, timoun yo eseye nouvo ladrès, yo analize imajinasyon yo ak kreyativite yo, epitou yo devlope relasyon avèk lòt moun ki nan lavi yo (Child Action, Inc., 2014). Timoun yo aprann nan anpil kalite jwèt (ki defini kòm angajman nan aktivite pou kèk kontan oswa amizman):

- *Jwèt solitè* - lè timoun yo patisipe nan yon aktivite endepandan, pou montre yo pa enterese antre nan jwèt lòt yo oswa entè-aji avèk jwèt lòt yo.
- *Jwèt paralèl* – yon aktivite kote timoun yo jwe avèk jwèt tankou timoun ki toutotou yo ap itilize, men chak timoun absòbe nan pwòp aktivite li, pou jwe akote olye avèk yon lòt.
- *Jwèt similasyon* – avèk yon objè pou reprezante yon lòt bagay pandan l ap ba li aksyon ak mouvman; eksperyans aktif avèk wòl sosyal ak emosyonèl lavi a; kapab devlopman nan anpil domèn devlòpmantal.
- *Jwèt nan kolaborasyon* - nenpòt lwazi òganize pami yon gwoup timoun kote aktivite yo planifye pou yo reyalize yon objektif.

Li enpòtan pou timoun yo fè eksperyans avèk tout kalite jwèt, men jwèt komen gen yon wòl patikilye kòm yon mwayen pou devlope kolaborasyon ak anpil kalite ladrès sosyal. Lè timoun yo ap aprann ofiramezi kijan pou yo jwe ak travay ansanm avèk yon enterè komen oswa pou yon objektif komen, yo divilge lide, ladrès, konesans, eksperyans, ak dekouvèt, epitou yo kòmanse rekonèt avantaj ki genyen lè yo travay ansanm.

Nòm APL5: Timoun nan ap kolabore avèk lòt yo nan jwèt ak aprantisaj.

Prèv	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• sijere lide epi koute lide pou jwe avèk lòt yo (pa egzanp, jwèt avèk blòk, maryonèt, jwèt). • planifye ak negosye avèk yon lòt timoun (pa egzanp, wòl/responsablite chak timoun ap pran). • kòmanse itilize estrateji kolaborasyon nan jwèt avèk lòt yo (pa egzanp, pataje materyèl, patisipe nan lè pa yo, koute bezwen lòt yo).	• sijere lide epi koute lide pou jwe avèk lòt yo (pa egzanp, jwèt damye, jwèt nan lakou rekreyasyon, jwèt wòl). • kolabore epi negosye jwèt avèk de (2) oswa plis timoun (pa egzanp, kimoun ki prale anvan, wòl chak patisipan ap jwe, lè yo sipoze anpil kalite responsablite). • kolabore avèk siksè nan jwèt ak travay avèk lòt yo avèk yon ti ankourajman (pa egzanp, koute bezwen lòt yo epi bay repons pou yo, ede oswa konseye yon lòt moun).

Jwèt ak Aprantisaj nan Kolaborasyon kontinye

Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...
• kolabore avèk lòt yo pou fè yon travay oswa pou rezoud yon pwoblèm (pa egzanp, ofri sijesyon epi koute sijesyon, detèmine yon pwosesis). • kòmanse aksepte ak pataje lidèchip. • divilge pwosesis li ba adilt oswa lòt timoun (pa egzanp, montre, eksplike, oswa reprezante sa li te fè a).	• Itilize estrateji aprantisaj nan kolaborasyon pou fè yon travay oswa pou rezoud yon pwoblèm (pa egzanp, brase lide oswa fè etap, idantifye resous, deziyasyon/akseptasyon responsablite, devlope pwosesis ansanm ki dwe itilize, pataje konesans oswa dekouvèt). • rekonèt epi respekte lidèchip komen (pa egzanp, montre li se yon dirijan epi respekte lòt yo kòm dirijan). • eksplike (oswa reprezante) kijan estrateji kolaborasyon te fasilite pwosesis la pou fè yon travay oswa pou rezoud yon pwoblèm.

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

APL 6: Solisyon Pwoblèm

Solisyon pwoblèm gen pou wè ak pwosesis yo itilize pou analize kesyon oswa sitiyasyon epitou pou eseye diferan solisyon. Yo abòde solisyon pwoblèm sosyal nan nòm SEL yo pou jesyon konfli. Nan kontèks APL6, li gen pou wè sitou ak travay konyitif (tankou kesyon syantifik oswa matematik kijan, pou kisa, oswa kisa pou mwen fè si...?) ki konsène konpetans timoun yo pou chèche oswa pou jwenn anpil solisyon pou yon kesyon, travay oswa pwoblèm. Konpetans sa a enpòtan anpil pou vin gen konesans lè timoun yo ap pran avantaj sou eksperyans anvan ak lè y ap entegre nouvo enfòmasyon yo. Jèn timoun ki kapab rezoud pwoblèm pa yo santi yo gen konfyans nan tèt yo epi yo renmen aprann. Yo vle fè erè epi aprann nan erè yo, epitou kontinye eseye jouk lè yo gen siksè (NAEYC, 2014). Timoun ki te pi fleksib nan apwòch yo pou rezoud pwoblèm nan te gen pi gwo siksè akademik nan klas matènèl (George & Greenfield, 2005).

Nòm APL6: Timoun nan ap chèche anpil solisyon pou yon kesyon, yon devwa, oswa yon pwoblèm.

Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun ka...	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• rekonèt epi eseye rezoud pwoblèm yo avèk anpil kalite metòd (pa egzanp, esè ak erè, diskisyon avèk lòt yo). • reflechi sou solisyon posib epi idantifye youn pou mete an aksyon. • rekonèt relasyon ki genyen ant kò ak efè (pa egzanp, prevwa rezilta posib yo epi eseye youn oswa plis solisyon). • avèk sipò, prezante epi teste ipotèz yo, epitou konkli ki koneksyon ki genyen avèk eksperyans ak enfòmasyon anvan yo. • fè anpil tantativ pou rezoud pwoblèm yo.	• idantifye pwoblèm ki konplèks ofiramezi ak estrateji pou rezoud yo (pa egzanp, eksperyans, rezònman, rechèch). • idantifye sa ki anfavè ak sa ki kont solisyon posib yo, answit chwazi youn epi aplike li. • verifye prediksyon kò ak efè epi prevwa kijan oswa pou kisa rezilta a te ka diferan. • avèk sipò, prezante epi teste ipotèz yo, fè enferans, epitou konkli ki koneksyon ki genyen avèk eksperyans ak enfòmasyon anvan yo. • eseye diferan solisyon lè premye tantativ la pa efikas.

Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.

APL 7: Ladrès Òganizasyonèl

Ladrès òganizasyonèl egzije pou timoun yo itilize lojik pou yo ranje bagay yo nan yon fason ki òdone. Eleman enpòtan ladrès òganizasyonèl se jesyon anviwònman, jesyon sa ki gen pou fèt, ak jesyon tan. Lè ladrès òganizasyonèl timoun yo devlope, yo kòmanse entegre ak priyorize konsèp tan, travay ak materyèl. Ladrès sa yo ede timoun yo fè rechèch nan jounen an: pou yo jwenn zafè yo ak materyèl yo, pou yo konprann woutin yo, epitou pou yo patisipe nan tranzisyon yo. Ladrès òganizasyonèl sipòte devlopman ladrès pou panse tankou klasman ak sekansaj; yo sipòte planifikasyon tou epi yo se yon eleman enpòtan fonksyònman egzekitif—konpetans pou kòmann-ak-kontwòl ki pèmèt yon moun kontwole ak egzekite travay (Zelazo & Muller, 2002).

Nòm APL7: Timoun nan ap montre ladrès òganizasyonèl.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• avèk sipò, òganize materyèl yo kòmsadwa (pa egzanp, mete bagay yo lwen; klase materyèl yo selon kategori tankou koulè, fòm). • devlope woutin òganizasyonèl avèk kèk rapèl (pa egzanp, tcheke espas ki piti oswa espas pèsonèl pou materyèl pou pote lakay ak pwojè pou pataje avèk fanmi yo). • kòmanse devlope pwosesis pou òganize travay (pa egzanp, dekri oswa reprezante anpil etap nan yon pwosesis). • rekonèt kalandriye chak jou, swiv woutin pwogram nan, epitou idantifye sa k ap vini apre. • kòmanse jere tan ki nesesè pou travay yo oswa aktivite yo (pa egzanp, kijan pou prepare oswa pou fini yon aktivite, travay, oswa pwosesis).	• òganize materyèl yo poukont li (pa egzanp, mete materyèl yo lwen lè yo fini, òganize materyèl yo selon kategori). • fè woutin òganizasyonèl yo poukont li (pa egzanp, rasanble zafè pèsonèl li yo nan fen jounen an). • dekri epi aplike anpil etap yo dwe swiv pou yon aktivite oswa yon pwojè. • montre sansibilizasyon kalandriye semèn nan (pa egzanp, eleman espesyal yo, mwatye jounen yo, elatriye); prevwa semèn k ap vini yo epi prepare pou yo. • jere tan pou travay yo oswa pou aktivite yo avèk pi piti sipò a (pa egzanp, rekonèt kilè ak kijan pou prepare pou yon aktivite, travay oswa pwosesis epi fèmen li).
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

APL 8: Memwa

Memwa vle di konsèvasyon ak rapèl objè, evènman ak lide yo trete nan tan anvan. Timoun ki nan lekòl pre-matènèl yo kapab rekonèt enfòmasyon yo jwenn anvan, epitou yo kapab rekonstwi yo nan tan prezan. Timoun yo kapab sonje bagay ki pi enpòtan pou yo, epitou y ap sonje ak konsève enfòmasyon yo repete ak itilize souvan. Yo kapab jwenn gid nan itilizasyon estrateji senp pou devlopman memwa travay, tankou asosyasyon (koneksyon objè ak tèm yo avèk lòt konsèp ki gen asosye nan yon fason). Ladrès memwa pou travay bonè se yon pi bon prediktè siksè akademik pita pase yo se pwen IQ bonè (Alloway & Alloway, 2010).

Pou timoun k ap aprann nan de lang yo, li kapab sitou enpòtan pou yo asosye nouvo konsèp yo avèk tèm ki nan langaj lakay yo. Estokaj enfòmasyon yo sou fòm "eskrip" (sekans etap oswa evènman) kapab ede timoun yo prevwa sa ki pral pase nan senaryo pi devan yo. Nan klas matènèl, timoun yo kapab aprann estrateji pou yo konsève ak sonje enfòmasyon pou sèten objektif (pa egzanp, itilizasyon konesans lèt alfabè a ak son lèt yo pou rezone ak li mo yo). Lè metakoyisyon (konpetans pou reflechi sou refleksyon) devlope, timoun yo kapab kòmanse chwazi sèten estrateji avèk konsyans yo pou apwoche travay aprantisaj la.

Nòm APL8: Timoun nan ap kapab konsève ak sonje enfòmasyon yo.	
Kèk Egzanp Prèv yo	
Nan fen Lekòl Pre-Matènèl, yon timoun	**Nan fen Lekòl Matènèl, yon timoun ka...**
• asosye eksperyans pase yo. • sonje eleman/endis vizyèl yo. • sonje endis ak kòmantè oditwa a. • itilize konesans anvan pou prevwa epi pou poze kesyon.	• asosye eksperyans pase avèk detay yo. • itilize estrateji ak entansyon pou sipòte memwa vizyèl (pa egzanp, konsantre sou detay espesifik, plasman nan espas). • sonje epi asosye enfòmasyon oditwa a. • aplike konesans anvan nan nouvo sitiyasyon, relasyon, ak solisyon pwoblèm.
Chak timoun ka bezwen diferan nivo sipò ki baze sou konpetans, estil aprantisaj, kilti, fanmi, ak eksperyans pou pwogrese sou plan devlòpmantal.	

Glosè pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl, Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj

Akseswa - Yon objè timoun itilize pandan y ap jwe

Aktivite - Eksperyans, swa edikatè pa planifye yo oswa planifye yo, ki kreye okazyon pou timoun yo analize ak aprann

Analize - Fè rechèch sou yon bagay oswa etidye li

Angajman - Kantite tan timoun yo pase ap entè-aji avèk moun ak/oswa eksperyans, avèk atansyon ki konsantre, nan yon mannyè ki apwopriye sou plan devlòpmantal ak sou plan daprè kontèks la

Angajman fanmi - Patenarya avèk fanmi yo yon fason pou lekòl yo ak fanmi yo travay nan tèt ansanm pou asire siksè timoun nan. Li ka yon varyete frekans ak nivo patisipasyon: kominikasyon; sèvis volontè; oswa sipò nan kay pou objektif lekòl, règleman, ak desizyon yo pran.

Angajman sosyal - Patisipe nan entè-aksyon entè-pèsonèl avèk timoun oswa adilt

Apranti aktif - Timoun k ap aprann nan pratik, patisipasyon, ak jwèt

Apranti nan De Lang - Timoun ki gen laj depi lè yo fèt pou rive nan laj senkan, k ap aprann de (2) oswa twa (3) lang anmenmtan

Apwòch pou Jwèt ak Aprantisaj - Repons karakteristik yon timoun nan sitiyasyon jwèt ak aprantisaj, tankou kiryozite, fleksibilite, pèsistans, rezònman, ak solisyon pwoblèm.

Apwopriye - Egzijans ki nòmal pou laj ak konpetans yon timoun.

Atachman - Lyen emosyonèl solid ki konekte yon moun avèk yon lòt moun. Lyen sa a konekte moun ansanm epi li dire yon sèten tan.

Bezwen espesyal - Egzijans edikasyonèl pou timoun ki andikape, jan sa Lwa Anfavè Moun Andikape [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] defini sa

Demonte - Montre aklè

Dispozisyon - Yon atitid; tandans yon moun pou aji nan yon sèten mannyè nan sèten sikonstans

Divèsite - Diferans pami moun tankou ras, kilti, lang, konpetans, òganizasyon fanmi, elatriye.

Efikasite pèsonèl - Pèsepsyon ki endike yon moun kapab pran desizyon avèk siksè, fè travay, epi satisfè objektif

Egzamine - Obsève, teste, oswa fè rechèch

Eksperyans - Yon aksyon ki sèvi pou dekouvri yon bagay ou pa konnen, oswa pou teste yon prensip oswa yon lide

Eksplorasyon Aktif - Manipilasyon materyèl, panse ak lide, ki ka mennen nan konpreyansyon oswa konesans

Endepandans - Konpetans pou vin endepandan, pou oto-òganize, epitou pou aji san konsèy lòt moun

Esè ak erè - Tantativ pou rezoud yon pwoblèm lè ou eseye apwòch diferan

Estrateji - Koleksyon metòd pou ankouraje devlopman oswa aprantisaj

Evalye - Konpetans pou konsidere konsekans yon desizyon oswa chwa posib yo

Fanmi - Relasyon ki pi pwòch yon timoun genyen, anjeneral yo konsidere kòm yon manman oswa yon papa ak frè/sè, men souvan ki gen ladan fanmi plasman, granparan, ak lòt moun ki enpòtan nan lavi timoun nan

Fè Rechèch - Etidye detay yo, egzamine oswa obsève pou kapab vin gen konesans

Fleksibilite - Mwayen pou chanje oswa modifye plan yo pou bay repons pou chanjman enfòmasyon ak objektif

Fonksyon egzekitif - Seri pwosesis mantal ki gen ladan kapasite pou separe yon travay an eleman, òganize yon plan travay, respekte li, epi reflechi sou siksè efò yon moun

Inisyativ - Konpetans pou fè chwa ak entansyon, pou pran lidèchip.

Jesyon estrès - Konpetans pou kontwole reyaksyon fizik ak/oswa emosyonèl nan estrès; pati kontwòl enpilsyon

Jwe - Angaje nan yon aktivite fizik oswa mantal pou bon jan kontantman oswa amizman

Kamarad - Timoun ki gen apeprè menm laj la

Kilti - Atitid komen, konviksyon, istwa, boza, koutim, ak pratik sosyal oswa pratik fanmi ki reprezante yon gwoup moun patikilye anjeneral

Kiryozite - Endiskresyon; dezi pou konnen oswa pou aprann plis sou moun oswa sou bagay, sitou lide nouvo ak lide diferan, epitou petèt lide abstrè

Kolaborasyon - Adilt oswa timoun k ap travay ansanm kòm yon ekip pou rezoud pwoblèm yo epitou pou fè travay pou yo kapab reyalize yon objektif komen

Kolabore - Travay oswa aji avèk lòt moun avèk volonte epi yon fason agreyab

Kominikasyon - Konpreyansyon ak/oswa ekspresyon sa yon moun vle, bezwen, sa li santi ak sa li panse avèk lòt yo. Fòm kominikasyon yo gen ladan kriye, eksprime, ekspresyon figi, pawòl, jès, langaj siy, ak/oswa imaj.

Konfli - Yon sitiyasyon kote yon moun oswa yon gwoup moun gen bezwen, dezi, pwendvi, oswa objektif ki nwizib pou yon lòt moun oswa pou yon lòt gwoup moun.

Konpetans - Kapasite pou fè yon sèten travay, aksyon oswa fonksyon avèk siksè

Konpetans sosyal - Kapasite pou montre kontwòl panse ak aksyon avèk konsyans nan entè-aksyon sosyal

Konpòtman sosyab - Montre enkyetid, kolaborasyon, jantiyès ak konsiderasyon pou lòt moun; montre yon sans akèy pou lòt yo

Konsiderasyon - Konnen santiman lòt moun epi bay repons pou yo

Kontwòl enpilsyon - Konpetans pou panse anvan ou pale ak aji, epi pou anpeche yon moun aji yon fason san li pa reflechi

Kòz ak Efè - Yon relasyon ant aksyon oswa evènman tankou youn se rezilta lòt la

Kreyativite - Orijinalite oswa imajinasyon

Ladrès fonksyònman egzekitif - Gwoup ladrès mantal ki travay ansanm pou ede yon moun reyalize objektif yo. Li gen ladan travay tankou: jere tan ak atansyon, chanje objektif, planifye ak òganize, sonje detay yo, metrize pawòl oswa konpòtman ki pa apwopriye, epi melanje eksperyans pase avèk aksyon prezan.

Ladrès òganizasyonèl - Itilizasyon pwosesis lojik pou òganize tan, travay, panse, materyèl, ak relasyon

Ladrès pou pran desizyon ki responsab - Fè chwa epi fè aksyon ki baze sou konsiderasyon enkyetid pou sekirite, ki apwopriye pou nòm sosyal, respè pou lòt moun, epi petèt konsekans; aplikasyon ladrès sa yo nan sitiyasyon akademik ak sosyal; kontribiye nan satisfaksyon lekòl ak kominote yon moun

langage / Lang familyal- Premye lang yon timoun aprann pale avèk fanmi li

Memwa - Konpetans pou kenbe ak sonje enfòmasyon

Memwa travay - Konpetans pou kenbe enfòmasyon nan lespri epi pou itilize yo

Metakoyisyon - Konpetans sou reflechi sou refleksyon

Modèl - Anseye avèk egzanp, lè yo montre konpòtman oswa aksyon dezire a

Nòm aprantisaj - Deskripsyon ki kout ak alekri sou sa yo mande elèv yo pou yo konnen ak kapab fè nan yon sèten etap edikasyon yo; objektif edikasyonèl

Nòm sosyal - Nòm konpòtman ki komen pou manm yon gwoup

Oto-jesyon - Konpetans pou kontwole emosyon yon moun nan fason ki pwodiktif; lè ou konnen santiman yo, kontwole yo, epi modifye yo lè li nesesè pou yo ede olye yo antrave fason timoun nan kapab siviv avèk anpil kalite sitiyasyon

Oto-kontwòl - Kontwole konpòtman yon moun pou konfòme ou avèk nòm ki aksepte yo

Oto-pèsepsyon/oto-konsèp - Konpetans pou rekonèt kalite pèsonèl, kapasite, atitid ak valè timoun yo kwè ki defini yo

Pèsistans - Konpetans pou toujou gen atansyon malgre sispansyon oswa distraksyon

Prèv - Fason yon timoun montre yon ladrès; youn nan anpil fason pou montre konpetans

Pwovoke - Ankouraje yon aksyon oswa yon konpòtman

Refleksyon - Sonje oswa entèprete yon objè, yon evènman oswa yon konpòtman nan lespri yon moun

Rekonèt - Montre rekonesans oswa enterè avèk ekspresyon figi oswa mo

Relasyon sosyal - Relasyon ak entè-aksyon solid avèk adilt ak kamarad

Resipwòk - Ki prezan oswa ki egziste nan toulède bò; komen

Respè - Montre estim pou yon lòt moun; fè konnen lide, santiman, ak bezwen lòt moun nan enpòtan pou konsidere

Sansibilizasyon sosyal - Rekonèt epi konprann konpòtman ak pwendvi lòt moun; apresye epi entè-aji yon fason pozitif avèk anpil gwoup diferan

Sistèm prezantasyon miks - Tout anviwònman kote Elèv Lekòl Pre-Matènèl ak Elèv Lekòl Matènèl resevwa edikasyon ak swen: lekòl leta, edikasyon timoun bonè ak pwogram swen sante, gadri fanmi, Head Start, pwogram Angajman Kowòdone Fanmi ak Kominote [Coordinated Family and Community Engagement (CFCE)], lakay, elatriye

Solisyon pwoblèm - Pwosesis pou analize kesyon oswa sitiyasyon epi pou eseye diferan solisyon avèk entansyon

Tanperaman - Fason inik yon timoun reponn nan monn lan; anjeneral sa gen pou wè fason timoun nan adapte li ak estil emosyonèl li

Tranzisyon - Tan chanjman oswa timoun k ap depase ant yon aktivite oswa yon kote pou ale nan yon lòt

Woutin - Yon modèl evènman oswa entè-aksyon ki planifye epi ki fèt sou yon baz regilye

Zouti - Nenpòt bagay ki palpab yo itilize oswa kreye pou fè yon travay oswa pou reyalize yon objektif

Referans

Alloway, T. P., & Alloway, R. G. (2010). Investigating the predictive roles of working memory and IQ in academic attainment. *Journal of Experimental Child Psychology, 106*(1), 20–29.

Aronson, J. (Ed.) (2002). *Improving academic achievement: Impact of psychological factors on education*. New York, NY: Academic Press.

Bear, G. G., & Watkins, M. (2006). Developing self-discipline. In G. Bear & K. Minke (Eds.), *Children's needs III: Development prevention, and intervention* (pp. 29–44). Bethesda, MD: National Association of School Psychologists.

Center on the Social and Emotional Foundations for Early Learning (CSEFEL). (2005). *What works brief: Helping express their wants and needs*. Retrieved from http://csefel.vanderbilt.edu/briefs/wwb19.pdf

Center on the Social and Emotional Foundation for Early Learning (CSEFEL). (2008). *Inventory of practices for promoting social and emotional competence.* Retrieved from http://csefel.vanderbilt.edu/modules/module1/handout4.pdf

Center on the Social and Emotional Foundations for Early Learning (CSEFEL). (2014). *What works brief. Role of time-out: A comprehensive approach for addressing challenging behaviors in preschool children.* Retrieved from http://csefel.vanderbilt.edu/briefs/wwb14.pdf

Chamorro-Premuzic, T. (2014). *Curiosity is as important as intelligence.* Harvard Business Review. Retrieved from https://hbr.org/2014/08/curiosity-is-as-important-as-intelligence/

Child Action, Inc. (2014). *Importance of play activities for children.* Retrieved from http://www.childaction.org/families/publications/docs/guidance/Handout13-The_Importance_of_Play.pdf

Child Mental Health Foundations and Agencies Network [FAN]. (2000). *A good beginning: Sending America's children to school with the social and emotional competence they need to succeed.* Retrieved from http://files.eric.ed.gov/fulltext/ED445810.pdf

Collaborative for Academic, Social, and Emotional Learning. (2013). *2013 CASEL guide: Effective social and emotional learning programs* (preschool and elementary edition). Chicago, IL: Author.

Domitrovich, C., Dusenbury, L., & Hyson, M. (2013). *Beyond academic competence: The foundations of school success.* Retrieved from http://www.nga.org/files/live/sites/NGA/files/pdf/2013/1303EduPolicyForumNonCogniti

Elias, M., Zins, J. E., Weissberg, R. P., Frey, K. S., Greenberg, M. T., Haynes, N. M. & Shriver, T. P. (1997). *Promoting social and emotional learning: Guidelines for educators*. Alexandria, VA: Association for Supervision and Curriculum Development.

Epstein, A. S. (2003). How planning and reflection develop young children's thinking skills. *Young Children, 58*(5), 28–36.

Galinsky, E. (2010). *Mind in the making: The seven essential life skills every child needs*. New York, NY: William Morrow.

George, J., & Greenfield, D. B. (2005). Examination of a structured problem solving flexibility task for assessing approaches to learning in young children: Relation to teacher ratings and children's achievement. *Applied Developmental Psychology, 26*(1), 69–84.

Harter, S. (1993). Developmental changes in self-understanding across the 5 to 7 shift. In A. Sameroff & M. Haith (Eds.), *Reason and responsibility: The passage through childhood* (pp. 207-236). Chicago, IL: University of Chicago Press.

Kagan, S. L., Scott-Little, C., & Reid, J. L. (2013). *Massachusetts Department of Early Education and Care alignment study deliverable V: Summary of findings and recommendations.*

Kagan, S. L., Moore, E. & Bredekamp, S. (Eds.). (1995). *Reconsidering children's early development and learning: Toward common views and vocabulary*. National Education Goals Panel Report.

Malsch, A. M., Green, B. L., & Kothari, B. H. (2011). Understanding parents' perspectives on the transition to kindergarten: What early childhood settings and schools can do for at-risk families. *Best Practices in Mental Health, 7*(1), 47–67.

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education. *The Massachusetts Curriculum Frameworks*. Retrieved from http://www.doe.mass.edu/frameworks/current.html

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education. (2011). *Guidelines on implementing SEL curricula*. Retrieved from http://www.doe.mass.edu/bullying/SELguide.doc

Massachusetts Department of Early Education and Care. (2003). Guidelines for preschool learning experiences. Retrieced from http://www.eec.state.ma.us/docs1/curriculum/20030401_preschool_early_learning_guidelines.pdf

Massachusetts Executive Office of Education. (September, 2014). *Building the foundation for college and career success for children from birth through grade 3* [Draft]. Retrieved from http://www.mass.gov/edu/government/special-initiatives/birth-grade-three/

National Association for the Education of Young Children (NAEYC). (2014). *Help your child become a great problem solver.* NAEYC for Families. Retrieved from http://families.naeyc.org/child-development/help-your-child-become-great-problem-solver

National Educational Goals Panel. (1995). Building a nation of learners. Retrieved from http://files.eric.ed.gov/fulltext/ED389097.pdf

National Center on Quality Teaching and Learning (NCQTL). (2014). Approaches to learning. Retrieved from http://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/hslc/tta-system/teaching/eecd/Domains%20of%20Child%20Development/Approaches%20to%20Learning/edudev_art_00017_061705.html

National Scientific Council on the Developing Child. (2004). *Children's emotional development is built into the architecture of their brains.* Working Paper #2. Boston, MA: Harvard University, Center on the Developing Child.

Ormrod, J. E. (2008). Development of a sense of self. In Ormrod, J. E., *Educational psychology: Developing learners* (pp. 69–72). Pearson Allyn Bacon Prentice Hall. Retrieved from http://www.education.com/reference/article/development-sense-self

PBS Kids. (2014). *Creativity and play: Fostering creativity.* Retrieved from http://www.pbs.org/wholechild/providers/play.html

Pajares, F., & Schunk, D. H. (2001). Self-beliefs and school success: Self-efficacy, self-concept, and school achievement. In R. Riding & S. Rayner (Eds.) *Perception* (pp. 239–266). London, U.K.: Ablex Publishing.

Perry, B. D. (2002). *Six core strengths for healthy child development.* The Child Trauma Academy (Training Series 2). Retrieved from http://www.lfcc.on.ca/Perry_Six_Core_Strengths.pdf

Raver, C. C. (2002). Emotions matter: Making the case for the role of young children's emotional development for early school readiness. *Social Policy Report*. Vol. XVI (3).

Rimm-Kaufman, S. E., La Paro, K., Downer, J. T., & Pianta, T. C. (2005). The contribution of classroom settings and quality of instruction to children's behavior in kindergarten classrooms. *Elementary School Journal, 105*(4), 377–395.

Sack, D. (2012). *From mine to ours: Nurturing empathy in children.* Retrieved from http://www.huffingtonpost.com/david-sack-md/empathy_b_1658984.html

Skouteris, H., Watson, B., & Lum, J. (2012). Preschool children's transition to formal schooling: The importance of collaboration between teachers, parents and children. *Australasian Journal of Early Childhood, 37*(4), 78–85.

Sungok, S. S., Kiefer, S. M., & Wang, C. (2013). Help seeking among peers: The role of goal structure and peer climate. *Journal of Educational Research, 106*(4), 290–300.

U.S. Department of Health and Human Services, Administration for Children and Families, Office of Head Start. (2010). *Head Start child development and early learning framework.* Arlington, VA: Head Start Resource Center.

Weissberg, R. P., & Cascarino, J. (2013). Academic learning + social-emotional learning = national priority. *Phi Delta Kappan, 95*(2), 8–13.

WIDA. (2007). *English language proficiency standards PreKindergarten through Grade 5*. Retrieved from https://www.wida.us/get.aspx?id=7

Williford, A. P., Vick-Whittaker, J. E., Vitiello, V. E., & Downer, J. T. (2013). *Children's engagement in preschool and the development of self-regulation.* Retrieved from http://curry.virginia.edu/uploads/resourceLibrary/CASTL_Research_Brief-Williford_et_al._%282013%29_EED.pdf

Zelazo, P. D., & Muller, U. (2002). Executive function in typical and atypical development. In U. Goswami (Ed.), *Handbook of childhood cognitive development*. Oxford, U.K.: Blackwell.